

## HAITIAN CREOLE D-BASE: *HAITI PROGRÈS* (2004)

(Compiled by) Emmanuel W Védrine

Defakto yo apiye ansyen lame kraze zo a (Ayiti Pwogrè / Pòtoprens) Nan okazyon batay Vètyè a jedi 18 novanm 2004 la prezidan ak Premye minis defakto a Boniface Alexandre ak Gérard Latortue di ke gouvènman yo a pa deside mete lame Dayiti kanpe e ke se gouvènman k ap sòti nan eleksyon yo k ap genyen manda pou deside sou sa Men Boniface Alexandre fè konnen ke se t ap yon onè pou zansèt yo si l ta mete lame a kanpe Gérard Latortue ki t ap blofe bò kote pa l fè konnen peyi a pa bezwen yon fòs lame li kalifye de lame kraze zo yon lame represiv Li di lame sa a te espesyalize l nan komèt yon seri de zak malonèt kouwè trafik dwòg Ansyen militè yo te manifeste nan plizye rejyon peyi a ak zam nan men yo malgre gouvènman defakto a pa t ba yo otorizasyon Nan Pòtoprens ansyen militè yo te deside pran lari pou defile men sòlda *MINUSTAH* yo te bloke parad yo a sou wout Frè a kote yo te sètoblje manifeste sou plas nan zòn *Djoumbala* kote yo denonse enjerans sòlda *MINUSTAH* yo Chimè yo sòlda *MINUSTAH* yo ak rejim defakto mete tèt yo ansanm pou anpeche yo komemore kòm sa dwa batay Vètyè a Pèsonn pap pran nan blòf kòmkwa pwoblèm ant *MINUSTAH* ak anyen militè yo Sinon pouki *MINUSTAH* pa t tou dezame yo Pòtpawòl ansyen militè yo nan Plato Santral Joseph Jean-Baptiste denonse enjerans etranje yo nan selebrasyon 201tyèm anivèsè batay Vètyè Li akize gouvènman defakto a ki trayi yo aprè l te finn sèvi ak yo Remicinthe Ravix kòmandan ansyen militè yo di ansyen militè yo pa genyen anyen pou yo wè ak biwo de jesyon militè yo li fè konnen y ap prepare yon repons pou rejim defakto a Lidè Mouvman Demokratik e Refòmatè Ayisyen (*MODEREH*) Dany Toussaint mande otorite defakto yo rele ansyen militè yo pou fòme yon fòs sekirite enterimè pou ede lapolis mete fen ak geriya a nan Pòtoprens Otorite defakto yo dwe mete nèg sa yo nan sèvis nasyon an olye li izole yo Dany Toussaint mande gouvènman an aji vit pou evite yon katastwòf paske peyi a twouve l jounen jodi a sou yon barik poud ki prêt pou eksplode Lapolis ap chache Ti Will Nan lannwit dimanch 14 novanm lan Wilfort Ferdinand alyas Ti Will te touye yon ti jèn fi ki rele Francesca Gabriel Wilfort Ferdinand Kounye a òganizasyon dwa moun yo ap mande pou lapolis arete Ti Will Ensidan sa a rive daprè plizyè temwayaj pandan Ti Will ap chèche swadizan yon nèg Tankou kòbòy li rive devan kay la li tonbe tire epi touye timoun lan Ti Will te manm *FRON* Guy Philippe la Li te pami moun Premye minis defakto rele konbatan libète Jounen jodi a pòtpawòl *FRON* an Wilfrid Joseph twouve vin fè laprès konnen ke Ti Will pa manm *FRON* an Komisè gouvènman Gonayiv la Louiselme Joseph konfime paran Francesca Gabriel te depoze plent kont Wilfort Ferdinand nan pakè Li fè konnen ke aprè l finn etidyé dosye a pwochen etap la se pra l dwayen tribinal la ki dwe distribiye dosye a bay yon jij enstriksyon Li di Nou genyen *Seksyon Depatmantal Polis Jidisyè (SDPJ)* ki te resevwa plent de paran viktim lan ki déjà achemine nan pakè Donk mentnan n ap reflechi sou dosye a pou nou konnen ki oryantasyon ke n dwe ba l selon lalwa Nan rapò ki vinn devann lan la a li pa yon kesyon dechanj de tir donk paran yo di se Wilfort ki touye timoun lan donk se sèlman sa yo di yo pa pale de echanj de tir M pa kwè sa nan pwosè vèbal ki vin jwenn mwen la a Si yo deplase yo ale jis nan komisarya a nan *SDPJ* a donk se paske yo ala rechèch de lajistik Konsèy Inivèsite a voye jete pwopozisyon Latortue a Christian Rousseau yon manm konsèy Inivèsite Deta Dayiti e manm Konsèy Saj la voye jete deklarasyon Premye minis defakto a Gérard Latortue ki ta fè kwè manm rektora Inivèsite yo (*UEH*) vle bloke refòm

nan Inivèsite a lè yo voye jete pwopozisyon 1 te fè pou kreye yon sekreteri Deta pou edikasyon siperyè Li fè konnen Premye minis defakto an vle vyole otonomi Inivèsite a li di chèf gouvènman an pa genyen yon konesans ekzak sou pwoblèm inivèsite a Pou Rousseau konpòtman Premye minis lan pa diferan ak konpòtman gouvènman tradisyonèl yo Slogan ak pawòl wonflan Premye minis defakto a pap mennen peyi a okenn kote Latortue pa menm bay pou ki rezon li vle kreye secréteri Deta pou edikasyon siperyè a Pwopozisyon sa parèt kòm yon tantativ denjerans e kreye yon sèten mefyans paske objektif la pa defini de fason klè Majistra Delmas a pa kontan Majistra Delmas a Prisca Jean Vilfort denonse move jesyon pouvwa defakto a nèg ki sou pouvwa kounye a Pa gen anyen k ap fonksyone nan peyi a sou gouvènman ki la a se kès Leta sèlman y ap piye yo abandone meri yo yo pa ba yo mwayen pou yo fonksyone Se yon wont aprè tout pwomès de chanjman yo te fè Prisca fè konnen li pap chèche fè moun plezi li pa bezwen fè moun renmen 1 yon sèl zanmi li genyen li fè konnen e ki toujou akonpaye 1 se fizi Galil li Prisca Jean Vilfort deplore asasina kolèg GNB li a kòdonatè mache piblik yo nan meri Pòtoprens la Wébert Adrien li mande otorite yo mete aksyon piblik an mouvman kont asasen yo Li mande popilasyon an pou 1 pa kite yo pran 1 nan pyèj kote sèten sektè ap kouri bri ki ta fè kwè ke se patizan Lavalas yo ki ta responsab tout zak vyolans k ap fèt nan peyi a se yon estrateji yo itilize pou yo kache pwòp echèk yo Grenn Sonnen demanti lapolis- Dimanch 21 novanm lan nan aprèmidi lapolis te mennen yon operasyon fouy kay Anthony alyas Grenn Sonnen nan Delmas 33 Nan moman sa a te genyen gwo kout zam ki t ap tire nan zòn lan Lapolis akize Grenn Sonnen nan tout yon seri zak vyolans k ap fèt nan kapital la Pòtpawòl PNH la fè konnen nan kad operasyon sa a polisyè yo te fè afwontman ak Grenn Sonnen men msye te rive kouri ak tout zam li nan men 1 Lapolis te pran machin li ak lòt minisyon yo te jwenn lakay la Nan yon deklarasyon Grenn Sonnen te fè lendi 22 novanm lan li di Mwen pa t la nan moman operasyon an e mwen pa t gen okenn minisyon lakay mwen Men li fè konnen li genyen zam pou 1 defann tèt li kont agresyon CIMO chanje inifòm - Pòtpawòl lapolis la Jessie Cameau Coicou anonse konpayi entèvansyon e mantyen lòd la CIMO chanje inifòm Kounye a yo genyen yon inifòm kamouflaj ki diferan de inifòm ansyen manm fòs lame Dayiti yo Pòtpawòl la te pote plis presizyon Presizyon ke lapolis ta renmen pote sou sa sèke inifòm inite CIMO a chanje pou lè nou wè yo nan lari pou nou pa konnen se yon lòt ekip oubyen yon lòt gwoup k ap opere nan zòn lan Inifòm inite CIMO a kounye a se inifòm de kamouflaj men ki pa vèt tankou kamouflaj te conn ye lontan pou Leyopa pa egzanp sa se yon kamouflaj ki yon tijan mawon epi ki gen ti vè ladan li avèk bèj Ou konnen yon inifòm lapolis se pa yon kesyon de gou oubyen se pa yon kesyon de mòd bagay sa yo yon inifòm lapolis se yon bagay ki fèt pou 1 pratik e nan yon seri de kondisyon tou... Konsènan vyolans 18 novanm yo Jessie Cameau Coicou di li poko genyen enfòmasyon sou kantite moun ki te mouri men li konnen lapolis te pran dispozisyon pou 1 prezan nan tout katye populè kote ki konn genyen zak vyolans yo nan kapital la - ACSI denonse Carline Simon Manm Asosiyasyon komèsan sektè enfòmèl la ACSI denonse majistra Pòtoprens lan Carline Simon yo di k ap fè yon seri manèv louch pou fòse majistra adjwen an Yanick Mezile renmèt demisyón li Yanick Mezil se reprezantan komèsan sektè enfòmèl la nan konsèy minisipal Pòtoprens lan Komèsan yo di yo prè pou yo òganize tout yon seri mouvman pou fè plan Carline Simon an bwè lwl Carline Simon reyaji pou 1 di se nan laprès li tandem enfòmasyon sa a li fè konnen pa genyen okenn traktasyon UNICEF denonse asasina timoun nan lari yo Biwo UNICEF la ann Ayiti denonse nan yon nòt pou laprès li te mete deyò madi 23 novanm

2004 la vyolans k ap fèt sou timoun yo ki nan lari a yo menm rive asasinen kèk nan yo Nan nòt la *UNICEF* fè konnen yo jwenn kadav Kenel Alexis ki genyen 10 zan e Faustin Archange ki genyen 13 zan nan mòg lopital jeneral la nan Pòtoprens Kadav timoun sa yo ki te resevwa anpil bal t ap drive atè Nan yon rapò Jistis ak Pè te fè pou mwa septanm e oktòb 2004 la li te fè konnen genyen 3 timoun ki viktим anba zak vyolans yo nan kapital la Pou mwa septanm Jistis e Pè anrejistre 21 moun ki viktим pou mwa oktòb la 38 jèn gason e 3 jèn fi *UNICEF* fè konnen se chak jou y ap vyole dwa timoun yo nan peyi a timoun yo ap wè chak jou tout yon seri zak vyolans nan kominate a sou wout lekòl yo menm nan fanmi kote y ap viv la Rapatriman 82 refijye Mèkredi 24 novanm lan gadkòt Etazini rapatriye 82 refijye ayisyen ki t ap eseye fè yon vwayay nan yon ti bato pou ale Florid Se nan nan Matisan nan kapital la ke yo te debake refijye yo pam yo te genyen 11 fanm Moun sa yo te sòti Pòdepè nan Nòdwès peyi a Se Ofis Nasional Migrasyon (*ONM*) ki te akeyi yo *KEP* la ap poze kondisyon li Konsèy Elektoral Pwovizwa (*KEP*) a fè konnen li genyen yon dokiman li pral voye bay pouwva egzekitif defakto a sou òganizasyon eleksyon yo Dokiman sa a ki baze 1 sou lwa elektoral 1999 la genyen yon seri bagay k ap pouse pati politik yo mete tèt yo ansanm suivan tandans yo pou elekson yo Daprè *KEP* la genyen 91 pati politik ki anrejistre nan ministè Jistis epi genyen 5 lòt k ap tann rekonesans legal yo Manm *KEP* la mande pati politik yo mete tèt yo ansanm pou yo ka falisite chwa elektè yo Rosemond Pradel pòtpawòl *KEP* la te di Si yon pati politik vle ale nan elekson premye bagay n ap mande pati a se enskri epi li dwe montre efektivman li genyen 5 mil manm avèk nimewo kat elektoral chak manm yo Se sa lalwa sou pati politik yo mande fòk pati a genyen 5 mil manm Donk Konsèy elektoral la se yon otorite an matyè elektoral donk Konsèy elektoral la ka fè kèk ekzijans... pou patisipasyon pati yo nan pwochen elekson yo Responsab *GREH* a Himler Rébu voye jete dwa *KEP* la bay tèt li pou 1 bloke yon seri pati politik pou yo pa al patisipe nan elekson yo Li fè konnen Mwen pa wè kouman *KEP* la kapab deside ki moun ki pou fè oubyen ki moun ki pou pa fè politik ann Ayiti Se konstitisyon an ak lwa sou pati politik yo ki defini kondisyon ki pou pèmèt yon pati politik ekziste kounye a briskeman Konsèy elektoral la transfòme tèt li an palman pou 1 deside sou règ de lwa ann Ayiti Responsab *MODEREH* a Dany Toussaint fè konnen limenn ke òganizasyon elekson yo pa posib kounye a nan peyi a pou rezon sekirite Pou kounye a *MODEREH* poko deside patisipe nan elekson k ap genyen pou fèt yo men 1 ap swiv de trè prè fonksyonman Konsèy elektoral ki la Latortue kontinye meprize Konsèy Saj la Premye minis defakto a Gérard Latortue deklare lendi 22 novanm lan pandan pasaj li Paris ke gouvènman li a toujou kenbe dat ki te prevwa an mwa novanm 2005 la pou òganizasyon elekson yo Daprè Latortue elekson yo genyen pou yo fèt an 2 tan lejislativ minisipal e lokal dabò answit prezidansyèl Li bay garanti tout pati politik san distenkson ap kapab patisipe Chèf gouvènman defakto a reyafime volonte pou 1 jije prezidan Aristide menm pa koutimas Li fè konnen li pase minis Jistis li a lòd pou 1 lanse yon manda entènasyonal kont Aristide san pèdi tan Minis Jistis la Bernard Gousse reponn pou 1 fè konnen se pa yon dosye li kapab abòde avèk lejète fòk li lanse dabò yon manda nasyonal avan tout manda entènasyonal Konsèj Saj la bò kote pa 1 kritike gouvènman defakto a sou fason 1 ap trete dosye manda li di li pral lanse kont prezidan Aristide Pòtpawòl Konsèy Saj la Danielle Magloire fè konnen gouvènman an pa t konsilte yo avan 1 te pran desizyon sa a jan yo te mete yo dakò sou akò 4 avril la Li akize Gérard Latortue ki vle ranpli wòl lajistik li pa vle fonksyonne selon prensip dekilib Li di se menm konpòtman sa a gouvènman an te genyen lè 1 t ap adopte

bidjè 2003-2004 la *UNNOH* mande gouvènman defakto an pran responsabilite li Responsab Inyon Nasyonal Iòmalyen Ayisyen (*UNNOH*) Josué Mérilien denonse lendi 22 novanm lan nan yon konferans pou laprès konpòtman lese grennen otorite defakto li yo fas a sitiyasyon vyolans nan kapital la Li fè konnen gouvènman defakto a kache dèyè sitiyasyon vyolans lan pou 1 maske koripsyon nan administrasyon piblik yo Se pa posib pou sitwayen onèt kontinye ap sibi zak vyolans nan peyi a gouvènman an dwe pran responsabilite 1 Li anonse tout yon seri aktivite *UNNOH* genyen pou 1 fè nan Lekòl Nòmal siperyè pou fòse otorite defakto yo pran dispozisyon pou frennen zak banditis nan peyi Defakto a pran yon dekrè kont vyòl Nan okazyon dizyèm anivèsè ministè Kondisyon Feminin prezidan defakto a Boniface Alexandre anonse madi 23 novanm lan pouvwa ekzekitif la pran yon dekrè-lwa pou pini de fason trè sevè tout otè vyòl Dekrè-lwa sa a pral modifye atik 279 ak tout lòt atik ki vini aprè 1 yo nan kòd penal la 1 ap retire enfraksyon sa a ki rele vyòl la nan nivo de deli pou mete 1 nan nivo krim Nouvèl mezi sa a prevwa yon pinisyon k ap sòti 10 zan pou rive jiska 20 tan prizon Sant *GHESKIO* resevwa plis pase 80 fanm viktим vyòl Responsab sant *GHESKIO* a Harry Théodore fè konnen sant la resevwa plis pase 80 fanm viktим agresyon seksyèl pandan 3 dènye mwa yo pifò nan ka sa a yo sòti nan zòn Pòtoprens lan Se fanm yo ki se prensipal viktим zak ensekirite yo nan zòn metwopolitèn lan Nan dènye moman sa yo 81 fanm ki gen pou pipiti 30 lane ki sibi agresyon seksyèl se sant *GHESKIO* ki resevwa yo Si sitiyasyon an ap kontinye konsa responsab sant lan fè konnen sant la ka vinn twouve 1 nan yon sitiyasyon difisil pou 1 kontinye resevwa viktим sa yo Depi kèk tan sant *GHESKIO* ap bay asistans medikal pou prevni enfeksyon seksyèl yo yon moun ka transmèt ak fanm ki pa t vle pote yon timoun ki sòti nan agresyon sa yo Li ede viktим yo limite dega zak agresyon sa yo te ka fè sou yo kouwè coupe apeti yo pa ka dòmi depresyon tandans ki pou fè yo izole tèt yo ak tout lòt vye lide ki ka pase nan tèt yo Harry Théodore ankouraje viktим agresyon seksyèl yo ale nan yon sant despistaj pou y al fè tès pou wè si yo pa enfekte ak virus Sida a Waf Jeremi an enpratikab Amatè ak kapitèn bato ap rele anmwe devan gwo difikilte yo genyen jounen jodi a pou yo rive akoste bato yo sou waf nan Jeremi Yo fè konnen ke depi anviwon yon mwa se toujou anba plede redi pou fè manèv pou bato yo pa echwe bò waf la kit lè y ap rantre kit se lè yo ta deja akoste sou waf la akoz pati kote waf la fèt la ansable paske waf Jeremi an fèt sou yon sèl ang Nou pa gen waf Jeremi nou pa gen kote pou bato yo kochte pa gen limyè waf la kraze gen yon gwo travay ki pou ta fèt la a pou repare waf la Depi bouchi an desann se li ki anbleye waf la m pa wè kòman pou yo ta met solisyon ankò fò yo ta janbe waf la nan bò dwat sou waf la waf la plat batiman an se nan mezi pwent lan pou 1 rete ou pa ka antre devan Vol 22 #37 Gouvènman defakto a pa nan gou moun li yo (Ayiti Pwogrè / Pòtoprens) Jidi 11 novanm lan 6 pati politik *PNDPH RANFÒ ADEBA CNTD MRN* ak *REPAREN* drese yon bilan sou gouvènman defakto a 8 mwa aprè enstalasyon 1 Lidè *CNTD* a Joseph Fignolé Jean-Louis ki t ap pale nan non yo fè konnen ke ekip teknokrat la pa regle anyen pou soulaje soufrans popilasyon an Sèl fason pou pwoblèm peyi a rive jwenn yon solisyon daprè 6 pati politik sa a yo se gouvènman an ki dwe bay demisyón 1 Li di gouvènman defakto Gérard Latortue pa gen konpetans pou 1 dirije peyi a prezidan defakto a Alexandre Boniface echwe nan misyon 1 donk plas li pa la ankò Lidè *GREH* a Himmeler Rébu tou fè konnen Rejim defakto a pa respekte pwomès yo te fè nan kad akò tranzisyon yo te siyen an Li di gouvènman defakto ap dirije peyi a sèlman anfavè Gwoup 184 André Apaid la ak Konvèjans Demokratik la Sèlman mal bokou pi mal ke pèspektiv de solisyon

yo pa evidan Ke w genyen yon sitiyasyon ki pa bon se yon ka ke w poko wè kijan w ap sòti ladan 1 se ankò pi grav Aprè 8 mwa de pratik se grav dotan pi grav ke w pa tèlman wè pa gen pèsonn ki kapab di objektif prensipal gouvènman an pa egzanp ki reyalize eleksyon yo ou pa wè pèspektiv yo klè devan w Okontrè chak pa ke yo fè ann avan ou wè kat yo vin pi bwouye Gen yon aspè nan konsèy elektoral la ki fè 2 3 gòj cho 2 3 ti pwoblèm ti tripotaj ant moun e moun ki ofèt gen anba 1 yon gè de pozisyon pou pran kontwòl aparèy elektoral la e pou al fè eleksyon yo anfavè yon gwoup moun se vrè kesyon an Bò kote pa 1 Federasyon Etidyan e Invèsitè Dayiti (*FEUH*) kritike jesyon gouvènman defakto a tou Òganizasyon yo fè konnen popilasyon a tonbe nan yon sitiyasyon ekonomik san parèy depi nèg sa yo pran pouvwa Gouvènman sa a pa kapab satisfè bezwen elemantè popilasyon an yo lanse yon apèl bay lòt jèn yo pou yo mobilize yo pou yo fose gouvènman pran responsabilite 1 Lanmo 2 polisyè (Ayiti Pwogrè Pòtoprens) 2 polisyè jwenn lanmò yo nan kapital nan dènyè jou sa yo tankou pòtpawòl lapolis la Jessie Cameau Coicou te konfime sa Samdi 13 novanm lan Jean Nicolo yon polisyè nan sèvis sikilasyon jwenn lanmò li nan Lasalin Lendi 15 novanm lan nan aprèmidi yon lòt polisyè ki rele Wakin jwenn lanmò li sou boulva Jean-Jacques Dessalines Moun ki touye polisyè yo te pran zam ki te sou yo daprè Jessie Cameau Coicou Li te tou pwofite denonse movè trètman polisyè yo ap resevwa anba men ansyen militè demobilize yo Gouvènman defakto te fè sòti yon kominike pou 1 te fè popilasyon konnen se sèl PNH ak *MINUSTAH* ki gen dwa bay sekirite nan peyi a Anplwaye meri Tigwav mande touche 12 mwa (Ayiti Pwogrè / Pòtoprens) Anplwaye vwari Tigwav menase kanpe travay nan jou k ap vini yo pou fose otorite yo peye yo 12 mwa travay leta dwe yo Nou gen yon lane travay nou pa touche nou mande sèvis la silvouplè se malere nou ye pitit nou lekòl nou gen kay pou n peye nou mande sèvis konsène a ak lakomin nan pou 1 fè dilijans pou 1 wè sa 1 ta fè pou nou Kounye a nou mande 12 mwa salè nou... Bon si yo pa peye nou n ap fèmen meri a n ap bloke meri a Majistra Tigwav la Emmanuel Lindor di li rekonèt meri a dwe anplwaye yo 12 mwa men li fè konnen ke nou dwe yo 12 mwa ariyè salè vrèman nou ranpli dè fòmalite oprè de ministè de titèl bon mentnan bagay yo an kou e yè mwen te ale nan direksyon ministè Enteryè e Kolektivite territoryal yo di m ke y ap pran dè mezi pi rapidman posib pou yo kapab jwenn salè yo... Lapolis ap depale ( Ayiti Pwogrè / Pòtoprens) Pòtpawòl lapolis la enspektè Bruce Myrtile pote dizòn pa li sou enfòmasyon k ap sikile ki ta fè kwè genyen 21 ajan Administrasyon Penitansye Nasyonal (*APENA*) ki t ap maniganse yon konplo pou asasinen Premye minis Yvon Neptune nan Penitansye nasyonal Li fè konnen ke genyen 21 polisyè *APENA* ki arete ke lapolis ap tandé nan enspeksyon jeneral polisyè sa yo konvoke pou fot administrativ grav ladan yo gen youn ki ann izolman Avoka Reynold Georges te reyaji pou relve kèk kontradiksyon li di ki genyen nan deklarasyon pòtpawòl lapolis la Li fè konnen dapre kèk sous nan lapolis la se sou enplikasyon ajan sa yo nan yon konplo pou asasinen prizonye politik Lavalas nan Penitansye nasyonal y ap késyon yo Donk Reynold Georges kwè genyen yon tantativ de divèsyon bò kote otorite lapolis yo Pòtpawòl la te di 27 moun aprè m tandé 21 moun ki arete nan konplo ki ta pral touye Yvon Neptune Men yè yo fè konferans de près kounye a la yo di se pou fot administrativ e yo di y ap di nan laprès men ki y ap Se kòm si m ta di w se laprès k ap bouyi zen oubyen moun k ap di se ou ki te di afè w gen kouraj di sa w te di a se pa sa konplo nou t ap fè a mal pase yo gen tan dekouvrir nou epi nou prezante eskiz nou pap fè konplo a ankò Tout kontradiksyon sa yo se paske tout moun sa yo mal arete se menm moun yo ki fè tout konplo yo pou yo arete

yon bann moun nan sektè Lavalas la pou yo anpeche pati politik yo rele pati Lavalas la ki fò sou teren an pou l pa apiye yon moun oubyen pa voye moun nan eleksyon dekoraje yo nan zafè eleksyon pou yo kapab fè brigandaj yo gen nan tèt yo a se tou Donk ou pa wè Brezil gen tan vin la a l ap mande pèp ayisyen an pa fè konfyans a peyi ki konn abitye fè peyi a echwe patikilyèman Etazini se nou pou nou fè konfyans e ke ... chita la vini avèk pati sosyalis met nan tèt yo se pati sosyalis yo ki pi fò sou teren an M gen nouvèl pou yo pati sosyalis pa gen okenn fòs sou okenn teren tout nèg sa yo echwe ansanm avèk gwoup 184 la ki te fè GNB ki lakoz yon bann etidyan mouri yo fè kont lajan yo gen nèg se al jwe lajan yo ke yo fè mal sou do pèp la e ke mwen deja di pèp ayisyen an kriz ki gen ann Ayiti a se yon kriz ki enpòte de laba yo vinn mennen isit e enterè a se yon bagay ekonomik nou gen gwo bagay nan peyi a ke nèg yo bezwen pran pou y al lakay yo avè l Vol 23 #30 Denonsyasyon nasyonal ak entè-nasyonal represyon Defakto yo Aprè mobilizasyon militan Lavalas yo 30 septanm 2004 pou mande depa gouvènman defakto a e retou san kondisyon prezidan konstitisyonèl la Jean-Bertrand Aristide defakto yo deklannche yon kanpay represyon sistematik dèyè Fanmi Lavalas yo Samdi 2 oktòb la yo kidnape 4 palmantè Lavalas nan lokal radyo Karayib ki rete fèmen nan prizon san prezante devan jij jan konstitisyon ann di li a Defakto yo arete plizyè lòt moun nan Bèlè Site Solèy Matisan sou pretèks y ap soutni mobilizasyon pou destabilize yo Mèkredi 13 oktòb la yo antre nan pawas Sent Klè nan Tiplas Kazo al arete pè Gérard Jean-Juste san manda nan presbitè a pandan li t ap distribye manje bay plizyè timoun Otorite defakto yo fè konnen arrestasyon pè Jean-Juste antre nan kad ankèt y ap mennen sou vyolans ki genyen nan peyi a depi 30 septanm 2004 Arrestasyon gwo ponyèt sa a soulve reyaksyon nan tèt legliz la ak nan òganizasyon k ap defann dwa moun yo Achevèk kowadjitè Pòtoprens lan Monsenyè Serge Miot kritike otorite yo ki pa defere pè a devan lajistik pou l ka defann tèt li Monseyè an fè konnen se yon bagay ki natirèl pou fidèl pawas la ak moun k ap viv nan zòn lan pwoteste kont arrestasyon pè a paske pè a te toujou fè byen pou yo Mwen te mande yon rankont de dyalòg pou n konprann pwoblèm lan byen pou nou konnen kisa Alò lè yo arete yon moun menm si yo te vini pou yon odisyon se arrestasyon lalwa mande pou yo transfere l bay jij li Alò sa nou mande fò k ke yo refere l a yon tribunal pou l gen avoka k ap tandem k ap akonpanye l pou bagay yo fèt selon le dwa Paske si yo gen prèv yo k ap montre l se swa li t ap sere bandi l ap bay zam kote pou yo pwouve l limenm tou l ap pran responsabilite l... jan yo fè l la sa sanble se yon moun yo pran an flagran deli paske fidèl yo yo atache a limenm lè yo vin arete l yo fè yon reyaksyon natirèl Mwen kwè te gen yon televizyon ki te la tou sa yo di a m pa menm kwè se vre jan yo di yo kraze vit menm si yo te fè manifestasyon men fò nou ta wè avèk televizyon ki te la a sèlman sa yo di yo si se vre Se nan yon kanpay konsa yon kanpay jeneral yon kanpay de represyon k ap fèt men ki pap janm rezoud pwoblèm lan kèlkeswa gouvènman an lè w pran wout de represyon bagay yo pra l pi mal janm di a se wout dyalòg wout lalwa wout Konstitisyon se sa jwenn sitiyasyon an pou sove peyi a nan enpas li ye a Responsab komisyon nasyonal Jistis e Pè Pòtoprens lan pè Jean Hansen malgre se yon nèg ki toujou ap fè ekilibris menm si l ap vire bouch li li sèt kritike fason lapolis arete pè Gérard Jean Juste yon arrestasyon ki fèt san manda e avèk britalite Li kondane konpòtman yon seri moun ki bay tèt yo pou misyon akize sitwayen yo e mete lavi yo an danje sou senp baz de rimè de ‘yo di’ Si yon moun koupab de yon zak vyolans oubyen li aji an deyò lalwa yo dwe depoze plent kont moun sa a devan otorite ki plase pou sa pou al reponn sou zak li komèt la e rive defann tèt li nòmalman Komisyon an te aprann nouvèl ki anonse yo arete

pè Gérard Jean Juste nan kondisyon ki selon enfòmasyon nou genyen pa t fin respekte sa lalwa mande nan kondisyon sila Donk ki te gen absans manda e an menm tan tou nou te aprann te genyen kan menm yon sèten degré de vyalans ki te fêt pandan arrestasyon sa a Responsab Komite Avoka pou Respè Libète Endividéyèl (*CARLI*) Renan Hédouville denonse kontradiksyon flagran nan eksplikasyon pòtpawòl lapolis la Jessie Cameau Coicou e minis Jistis la Bernard Gousse sou motif arrestasyon an e sa fè nou wè trè klèman motif arrestasyon pè a pa defini Renan Hédouville mande liberasyon Jean-Juste san delè e li raple otorite defakto yo ke vyolatè dwa moun genyen pou yo reponn kanmenm yon jou devan lajistik nasyonal e entènasyonal Alò premye konsta ke nou fè di gen kontradiksyon flagrant ki te degaje nan deklarasyon pòtpawòl lapolis la ki nan yon premye tan te deklare ke pè a se entèpele yo te entèpele 1 yo pa t deside pou arete 1 epi tanto ou te tandem minis Jistis la limenm ki te di w te gen dè zendis klè gen dè soupson ki montre ke pè Gérard Jean-Juste enplike nan dè ka de vyalans ki fêt nan peyi a Donk se dè bagay ke nou pran kòm enfòmasyon Mètnan nan sa ki konsène pè Jean-Juste ... selon enfòmasyon yo ke nou rive rekeyi nan kad vizit sa a se yon arrestasyon ki fêt andeyò dè nòm legal paske nan moman arrestasyon pa t gen okenn manda ki siyen pa yon jij de pè pa yon jij ki konpetan daprè sa Konstitisyon 1987 lan di Ki te mele Latorue ak konstitisyon Hédouville pa wè ke defakto yo pran rad makout yo William P Quigley yon jiris ameriken ki vin ranfòse konsèy defans pè Gérard Jean-Juste denonse arrestasyon an e kondisyon detansyon yo e li akize otorite defakto yo k ap vyole dwa moun Li fè konnen ke ka pè Jean-Juste la pwouve de fason trè klè peyi a an pàn demokrasi e ke otorite yo ap fè arrestasyon ilegal e abitrè peyi ap viv nan yon sitiyasyon enjistik total Daprè li sitiyasyon k ap devlope kounye a nan peyi Dayiti atire atansyon anpil obsèvatè nan peyi Etazini Tout moun ap swiv de trè prè dewoulman sitiyasyon ann Ayiti nan dènyè tan sa a pou yo ka genyen yon ide sou sa k ap pase nan peyi a Vol 22 #25 Plafòm demokratik Nò ap mande kont Samdi 21 out la Platfòm demokratik Nò a ki te fè ansyen pati ansyen opozisyon an te òganize yon sitin devan delegasyon depatman Nò a pou mande gouvènman defakto li a pou nonmen lòt konsèy administrasyon seksyon kominal yo pou minis Edikasyon nasyonal la fikse frè antre lekòl piblik yo yon fason pou evite tout koripson bò kote sèten direktè ki konsidere lekòl yo kòm byen prive yo e yo fè elèv yo peye plis lajan pase sa Leta sipoze mande ... Nou mande minis Edikasyon nasyonal la pran desizyon pou fikse pri lekòl yo Lòske nou konnen lekòl nasyonal yo se 50 goud yo ye lise yo se 60 goud jodi a yo pa gen pri yo 750 yo 850 pa gen anyen ki fêt *GREH* kòmanse nan tèt Dimanch 22 out 2004 lan Gwoup Refleksyon sou Ayiti (*GREH*) ansyen kolonèl Himler Rébu ap dirije transfòme an pati politik ki pote non Gran rasanbleman pou evolisyon Ayiti Seremoni sa a te fêt nan lokal *CEPEM* ki chita nan Delmas 33 ak prezans Premye minis de faktò Gérard Latorue plizyè politisyen ak manm sosyete civil la Prezidan *GREH* la fè konnen fòmasyon li ap dirije a vle fè politik la yon lòt fason li mande pou eleksyon lane pwochèn fêt de fason lib e onèt nan peyi a Li di 1 ap tann piblikasyon lwa elektoral ki pral di kouman eleksyon yo pral fêt lè sa a *GREH* pral analize sitiyasyon an e pran dispozisyon ki nesesè Himler Rébu te di Mwen swete nan tèt yon pati politik k ap òganize peyi a nan baz konstriksyon yon kay pa kòmanse nan tèt li men se ak fondasyon li kòmanse Pechè Lagonav yo an danje Pechè ki mete tèt yo ansanm nan komin Ansagalè nan il Lagonav lanse yon apèl bay responsab direksyon pèch nan ministè Lagrikilti sekretè deta anviwonnanman ak asosiyasyon nasyonal pechè ayisyen yo pou yo pran dispozisyon pou mete kontwòl nan movè fason yon seri pechè ki sòti lòt kote

nan peyi a vin fè la pèch nan Lagonav Anviwonnan an fin degrade yo vle detwi tout espès ki genyen nan lanmè a genyen lòt moun k ap koupe pye bwa pou fè chabon pou konstwi kay Lè pechè leve kanpe kont sistèm sa a genyen moun ki fè menas sou yo ak zam e pwomèt pou touye yo Yon pechè te di Li vle antre nan lanmè a se yon ti gwoup moun lè yo vini Lagonav nou pa gen fon se yon lizyè dlo ke nou genyen Lè yo prale pechè nas yo ak pechè liy sètoblje rale yo mete yo deyò lakay yo yo pa ka fè anyen Okenn fasilité pou yo ede fanmi yo sa rive nan zòn Lasous lè nou pale moun sa yo vle fè gwo aksyon sou nou Pechè yo mande Leta ayisyen pou l pran responsabilite l pou l voye yon delegasyon vin wè sa pechè ap pase yon fason pou evite yon gwo konfli Pon wout Nò yo ap kraze Plizyè pon ki relye diferant komin nan depatman Nò a e ki genyen plizyè dizèn lane depi yo te konstwi reprezante yon gwo danje pou lavi plizyè milye pasaje k ap frekante wout sa yo nan machin chak jou Pami pon sa yo nou jwenn pon Lini ki relye komin Dondon ak Senrafayèl pon Bwa de Chèn ki sitiye sou wout nasyonal nimewo 1 an Moun k ap sòti nan yon komin pou ale nan yon lòt genyen anpil difikilte pou travèse pon sa yo Abitan k ap viv nan lokalite sa a yo lanse yon apèl bay otorite yo gouvènman defakto a pou mande yo fè yon entèvansyon rapid pou evite yon katastwòf *MOFAVAH* mande liberasyon tout prizonye politik Patizan Fanmi Lavalas ak Fanm *MOFAVAH* te òganize yon sitin madi 24 out la devan tribinal premye enstans Pòtoprens lan pou mande liberasyon tout prizonye politik rejim Latortue an fèmen nan prizon Manifestan yo ki te plis pase yon santèn te kritike movèz fwa otorite defakto yo k ap pèsekite advèse politik yo pandan y ap chèche libere yon seri kriminèl ki trè danjere pou sosyete a Patisipan yo di y ap fè tout sa yo kapab pou rejim defakto a satisfè revandikasyon yo ki se liberasyon tout manm Fanmi Lavalas ki fèmen nan prizon de fason enjis Pòtpawòl militan Lavalas yo Claudy Sidney fè konnen manifestasyon yo se yon okazyon pou ekzije retou fizik prezidan Jean Bertrand Aristide ki mache ansanm ak liberasyon peyi a Militan Fanmi Lavalas yo mande retou prezidan Aristide Vandredi 20 out la Selil nasyonal refleksyon òganizasyon popilè baz militan Fanmi Lavalas te òganize yon sitin devan lokal anbasad Etazini ann pou mande retou fizik e san kondisyon prezidan Jean Bertrand Aristide ak liberasyon tout militan Lavalas ki fèmen nan prizon Jean Marie Samdi ak Claudy Sidney ki te nan tèt mouvman an te tou pwofite anonse yon seri mobilizasyon nan jou k ap vini la yo pou fòse kominate entènasyonal la satisfè revandikasyon yo Apati 1e septanm k ap vini la y ap deklanche yon mouvman pasifik k ap genyen ladan 1 sitin konferans manifestasyon grèv bat tenèb dezobeyisans civil elatriye Vol 22 #23 Etidyan Inivèsite Limyè mande minis la kont Ministè Sante publik ak popilasyon te fè sòti yon avi madi 10 out 2004 la pou l enfòme publik la sou 3 fakilte medsin otorite sanitè yo otorize fonksyone nan peyi a fakilte medsin Inivèsite Leta Ayiti fakilte Inivèsite medsin Notre-Dame d'Haïti ak fakilte medsin Inivèsite Kiskeya Ministè a mande tout lòt enstitisyon oubyen lekòl medsin yo pou yo kanpe san delè tout aktivite enskripsyon pou yon lòt pwomosyon Pou etidyan ki te pase 6 lane ap etidye nan fakilte medsin inivèsite Limyè ministè a mande yo pou yo voye relve nòt estaj yo ba li pou l analize yo e si sa nesesè pou l konplete estaj etidyan yo si nòt yo korèk ministè a ap òganize yon ekzamen ofisyèl pou etidyan yo e pou fini etidyan ki pase an ekzamen an pral fè estaj nan youn nan lopital nan peyi a Minis Sante publik la Josette Bijou te di konsa Pou medsen sa mande anpil ekzijans premyèman pou medsen an nou dwe veye pou n pwoteje sa nou genyen nan peyi a kòm rekonesans diplòm ak lisans nou yo toupatou dan lemonn Desizyon ministè a pran pou kontwole etidyan fakilte medsin inivèsite Limyè a leve tout plim sou do etidyan yo

Mèkredi 11 out la etidyan yo te pran lari pou yo fòse ministè Sante publik bay yo lisans pou yo ka fonksyone kòm sadwa Aprè yon manifestasyon ki te genyen plizyè dizèn etidyan ki fini nan fakilte sa a yo te rive pran lokal ministè a ann otaj yo di yo pa p kite ministè a toutotan revandikasyon yo pa satisfè Nalien Raymond yon etidyan te pote kèk presizyon Aktyèlman sitiayasyon an li vrèman chofe onivo ministè Sante publik paske nou finn avèk pakou a nou te sòt nan primati nou pase devan palè nasyonal aprè sa nou rantre anba galri ministè Sante donk nou la anba galri Sante publik jiskaske nou jwenn lisans nou an paske kote n ye a la fòk gen yon bagay serye ki di ou ki fèt anvan n deplase... Kote nou ye la a nou pap kraze nou pap brize men pa gen anyen k ap fè nou sòti la a Etidyan yo te rantre nan ministè a mèkredi 11 out la a 2zè nan aprèmidi yo te pase tout nuit la nan lokal ministè a yo koupe kouran yo fèmen tou 2 bariyè antre ministè a avèk chenn pa yo Donk etidyan yo te deside rete nan ministè a pou fòse minis Josette Bijou satisfè revandikasyon yo ki se lisans pou fonksyone Bò kote pa 1 responsab akademik inivèsite Limyè a Séide Mathieu di li etone devan desizyon ministè Sante publik la pran pou 1 pa bay enstitisyon an lisans de fonksyonman 1 Li di li bay ministè a tout pyès li te mande pou 1 ka rekonèt inivèsite a Séide Mathieu te di Desizyon ministè a pran pou 1 pa rekonèt inivèsite a se yon mezi ki enjis e abitrè e li fè konnen inivèsite a ki la depi plis pase 10 lane ranpli tout kondisyon pou 1 jwenn lisans li Jedi 12 out la lapolis te debake nan ministè a pou vinn mete etidyan yo deyò Yo frape etidyan yo e genyen ki gen janm yo ak bra yo kase e se yo lopital yo te abouti pou al swen Pòtpawol etidyan yo Nalien Raymond te rapòte Nou anndan Sante publik kòm ou konnen depi yè swa nou fè tout jounen sa jodi a ankò nou te dòdi anba Briskeman gen yon ekip moun Bijou rele avèk moun gouvenman li yo epi sa w tandé a nèg antre se masak yo vinn fè Depi deyò lapolis kòmanse simen kout baton pouse etidyan rale rad bay kout kòs fizi fè yon bagay jiskaske kounye a la se pa dèyè nou rantre anba galri a kote nou te ye depi yèswa la ebyen se la kounye a la yomenm yo pete pa anndan pòt devan ki te fèmen nèg yo anvayi devan nou se sa nèg yo bliye yo pa fè nou Donk etidyan yo di batay yo a se yon batay ki jis y ap kontinye demach yo y ap òganize yo ak lòt etidyan ki vle vinn pote kole ak yo Etidyan yo di yo genyen pou yo reyini ant yo pou yo sòti ak lòt estrateji pou kontinye batay la Vol 22 #22 vizit Sekretè jeneral PPN Benjamin Dupuy Tankou nou t ap fè repòtay la an franse semenn pase a Sekretè jeneral Pati Popilè Nasyonal la (*PPN*) te fè yon kout pye nan Kanada kote Comité des Haïtiens de l'Outaouais pour la Reconstruction d'Haïti (*CHORHA*) nan Ottawa et Konbit Verite nan Montréal te envite li ant 24 ak 26 jiyè pase a Konsa samdi 24 jiyè li te rankontre manm kominate a nan rejyon yo rele Outawè a e ki konprann kapital Kanada ki se Ottawa ansanm ak lòt minisipalite ki regwoupe sou non Gatino Jou sa a se te yon bèl sware patriyotik ke *CHORHA* te òganize pou sa nan Inivèsite Saint-Paul nan Ottawa Sware a te koumanse ak pwojeksyon fim-dokimantè ki montre 2 kokenn chenn manifestasyon *PPN* te òganize nan Pòtoprens nan dat 27 mas ak 30 septanm 2003 Apre sa Benjamin Dupuy te pran la pawòl kote li te prezante yon analiz etap ki te abouti a koudeta/kidnaping 29 février 2004 la Nan landmen dimanch 25 jiyè a Sekretè Jeneral PPN lan te desann Monreyal e san pèdi tan li te gen randevou nan estasyon radio *CFMB* kote animatè emisyon Piti Kay yo t ap tann li anpil Li te fè yon ti rale reponn kèk kestyón epi li te envite kominate nan Monreyal la pou rankont lan ki te pou fèt pita nan apremidi a 6 zè kote Konbit Verite nan Centre Barthélémy te òganize sa kòmilfo Lè lè a te rive gwo sal sant lan te ranpli rabò paske nan Dizyèm lan Ayisyen pa abandone konba pou souvrènte peyi yo e y ap travay pou chache yon altènativ ki pou

pèmèt nou pi pare kont sabotay enperyalis la ap fè a chak fwa avèk koudeta Yo te pase fim manif *PPN* yo ankò e sa te trè enpresyone plis pase 400 moun ki te nan sal la pou yo wè mobilizasyon peyzan yo ki rasanble pa milye nan *PPN* pou vin fè tandem revandikasyon yo denonse enperialis yo ki mete men yo sou peyi a ak enpozisyon mezi neyoliberal yo ki ap frape dabò peyzan defavorize yo ki ap kiltive latè pou yo bay fanmi yo manje Mezi neyoliberal sa yo soti pou oblige yo desann al konble nan bidonvil pou sèvi kòm bourik nan faktori lavil kote depi yo pa bezwen yo yo voye yo jete epi yo pran yon lòt kolonn moun vin Bourike nan endistri soutretans pou granmesi Ansuit te gen ti aktivite kiltirèl kote anpil bèle powèm patriyotik te resite tankou Nounous ki toujou ap di pawòl verite cho nan jounal Ayiti Pwogrè nan powèm li yo e ki pa yon powèt blogodo ki ap repete radòt Li konnen trè byen limenm ke pwèt la se osèvis ijans peyi li li ye... Lè fini Benjamin Dupuy te pran lapawòl E nou ap pwofite prezante kèk pati nan prezantasyon li a Konsa li te fè yon ti rale sou istorik fòmasyon *PPN* (Pati Popilè Nasional) ki te rele anvan *APN* (Asanble popilè Nasional) e li te di *PPN* Se nan lakou St Jean Bosco ke nou te fè premye kongrè nou e fonde *APN* Depi lè a nou travay nan pèp la e sitou nan payizànri an paske nou panse ke peyzànri an se baz peyi d Ayiti Nou konnen ke pandan 200 zan yo trete peyzan ke yo se moun andeyò Nou konnen sou batistè moun ki fèt andeyò li make an gwo lèt PEYZAN Sesi depi ke moun ki te fè konplo pou fè koudeta sou Dessalines yo te vin konfiske dwa jiska 1986 E yo t aksepte peye Lafrans pisans kolonyal ki pase prèd 3 syèk ap eksplwate resous peyi d Ayiti lò yo fin ekstèmine premye abitan nan fouye cheche lò Apre ke yo fin fè moun soti ann Afrik vin Bourike gratis pou yo Men moun ki te fè koudeta kont Dessalines nan li te kraze kontra ki te fèt 18 me ki te bann drapo nasyonal nou an paske yo te soti pou te fè dappiyen sou sèl richès ki te rete nan peyi a se tè E Dessalines di nou te goumen donk fòk nou tout jwenn ti moso nan tè a Nèg yo di msye pa konprann anyen yo fè konplo e yo asasinen li epi nou vin gen klas grandon ki jouk jounen jodi ap eksplwate peyzànri an E lè kounye a yo ratibwaze agrikilti nou sou Jean Claude Duvalier nan afè èd entènasyonal alòske se manje pèpè y ap voye pou kraze pwodiksyon nasyonal la tankou diri Latibonit lan elt Yo fè konplo entènasyonal pou pri kafe a bese ratè Yo oblige peyzànri an desann lavil vin wè kote lari fè kwen L al chita nan Site Solèy Site etènel lakou Breya epi yo rele moun yo chimè Lòt yo se moun andeyò... Se konsa yo trete pèp la pou yo kapab toupizi li pi byen... Lè fini Ben Dupuy te fè yon lòt rale sou sikontans koudeta 29 fevriye a e li te eksplike an koumansan premye koudeta an 1991 kont prezidan Aristid la ...Donk 7 mwa apre yo fè koudeta Men yo vin nan yon kontradiksyon paske yo di men demokrasi Yo blije fè koudeta Yo mele yo gen yon siga limen nan 2 bout Donk yo di enben bon sa n ap fè nou pral mete Titid lekòl nou pral eksplike l sa neyoliberal ye kijan pou l ouvè vant peyi a pou l ka vin ak tout kalite pèpè djanni epi tout bagay ap regle epi nou pral di lemonn antye se nou ki enstore lademokrasi ann Ayiti ... Se la ke *PPN* te gen dezakò ak Titid paske nou te di m sye... si ou mande blan mete w l ap mete w men li ka wete w Donk e sa fè m sonje plizyè fwa mwen kontre ak Titid lè m antre nan palè a mwen wè msye gen 2 pòtre Toussaint ak Dessalines M di msye ke mwen konnen ou renmen Toussaint Li se yon granjeni yon grand homme Toussaint se yon jeneral lame franse li te ye oui li t ap ekri Napoleon 1er des Noirs au 1er des Blancs men Napoleon pat pran nan priyè sa a li voye 40 000 sòlda al retabli esklavaj li di li pap akspete yon ti nèg vin gouvènè Toussaint te fè blan tounen nan peyi a blan esklavajis ki te kouri apre revòlt 1791 kote Boukman te mande anraje Ansyen esklav paka konprann moun ki t ap bayo kout raso nan do yo Epi

gen yon soulèvman ki fèt nan Nò epi peyizan yo rele viv jeneral Moïse Ki moun li te ye Neve Toussaint Men li te toujou nan eskonbrit ak Toussaint Li di msye ou paka fè blan tounen Toussaint di 1 men non se sèl jan pou devlope peyi a nou paka kite Lafrans Mwen di Titid ou wè 2 nèg sa yo Si Dessalines te di Toussaint monchè ou konn sa k genyen n ap fini ak afè 1er des Noirs au 1er des Blancs sa a N ap fout fizi sou nèg yo n ap fout yo deyò epi nou pran endepandans Ou konn sa k t ap rive Dessalines Titid di m ke Toussaint t ap fizye Dessalines menm epi Titid di m Moise Donk li konn istwa 1 byen Men ironikman Titid kwè nan diplomasi rale mennen vini Mwen di li "...Sa fè 3 zan Ayiti Progrè ap di nèg yo lòtòó fwontyè a y ap fè konplo tout ansyen jandam se yon sèl zouti yo konn manyen M di fò nou pare fo n prepare pèp la wi Nou paka kite pèp la 2 bra balanse pou vagabon vin fè 2 pwen sou yo Donk se klè ke vagabon t ap prepare E kòm tout konsèy tout lesyon yo te bay Titid nan Washington msye pa t vle trayi pèp lan Menm lè 1 ap fè diplomasi men li pa vle trayi mas pèp la ki kwè nan li ki se espwa yo Donk finalman nou konn istwa yo pran Titid menm jan yo pran Toussaint Donk nou rive nan yon konjonkti la a fò nou sonje lè yo kidnapé Toussaint se lè sa a batay la koumanse Se lè sa a Pèp ayisyen vin endependan Afè dezespwa a se blyie sa (bravo) Vol 22 #21 Mobilizasyon pèp la kont okipasyon 28 jiyè 1915 - 28 jiyè 2004 fè egzakteman 89 lane depi blan meriken te tabli premye okipasyon l sou tè Desalin lan avèk konplisite restavèk machann peyi yo sektè feyodal la boujwazi ak legliz Meriken te pote ale lajan rezèv lò ak kantite resous Pou komemore dat sa a kote plis pase 500 mil konpatriyòt te pran refij yo nan peyi Kiba ak nan batèy peyi Dominikani san konte masak ke fòs okipasyon meriken an te fè sou plizyè konbatan tankou Charlemagne Péralte Benoit Batraville ki te deside goumen pou fini avèk okipasyon ke Selil refleksyon baz Fanmi Lavalas te òganize yon gwo manifestasyon nan Pòtoprens avèk patisipasyon plizyè milye militan ak patizan pati a jounen 28 jiyè 2004 la Mobilizasyon an ki antre nan kad leve kanpe san pran souf ke baz Pati a te lanse depi apre kidnapin ki te fèt sou prezidan Jean Bertrand Aristide nan dat 29 fevriye 2004 la pa reprezantan peyi Etazini ak Lafrans la te demare devan legliz Pèpetyèl sou Bèlè avèk yon seremoni ki raple gwo womble ke Boukman te òganize nan Bwa Kayiman an 1789 28 jiyè 2004 la yon militan Lavalas te fè lekti yon sèman ki montre angajman ak kwayans yo nan mouvman Lavalas respè drapo ayisyen an ak fidelite yo nan prezidan konstitisyonèl la Jean-Bertrand Aristide Manifestan yo ki te plizyè milye te pote mayo ak foto prezidan Jean Bertrand Aristide ak ti drapo ble e wouj pase nan diferan katye popilè Pòtoprens tankou ri St Maten ri Tirmas Delmas 2 pou debouche nan Kafou aewopò ak Boulva Harry Trumann Rive devan anbasad Etazini manifestan yo te boule plizyè ti sèkèy nwa ki te gen nom anbasadè nòameriken an James B Foley ke yo kalifye de kidnapè Alexandre Boniface prezidan defakto Gerard Latortue Berna Gousse Premye minis epi minis defakto Lajistis Yo pat blyie jete nan poubèl listwa kòm trèt ki trayi mouvman Lavalas pou yo al antann yo avèk klas dominant restavèk la Touswit aprè foul la te reprann manifestasyon an epi dirije yo sou wout penitansye nasyonal pou t al mande liberasyon plizyè militan ak dirijan pati a tankou Yvon Neptune Jocelerme Privert Amanus Mayette Annette Auguste alyas Sò An Yvon Zap Zap Tipay elat k gouvènman defakto a ann konplisite avèk Gwoup 184 sosyete sivil anbasad peyi Etazini ak pati politik Platfòm demokratik la fèmen nan prizon depi plis pase 4 mwa Malgre foul la pat kapab rive devan prizon an akòz gwo dispositif militè Brezilyen ak polisye APENA yo ki te antoure tout perimèt penitansye nasyonal manifestan yo te lanse gwo eslogan kont okipasyon peyi a Yo denonse tou prezans Josepha Gauthier nan

swadizan *KEP* blan meriken fabrike a yo di ki ta yon dilè dwòg Yo egzije retou fizik prezidan Jean-Bertrand Aristide sou pouvwa ke pèp la te ba li Manifestasyon an te retounen devan legliz Pèpetyèl la sou Bèlè san gran ensidan Òganizatè yo anonse yon sitin devan anbasad ameriken chak vandredi pou fè anbasadè James B Foley konprann ke pèp ayisyen p ap janm aksepte kidnapin li a an Vol 22 #20 Yon gwo festival fim nan Jakmèl Plizyè santèn jakmelyen patisipe nan lansman yon festival samdi 17 jiyè 2004 la Patrick Nerbal Boucard ki se yonn nan prensipal óganizatè evenman kiltirèl sa a te louvri ofisyèlman festival la apre James Germain te fin chante Im nasyonal la Patrick Boucard te pote plis presizyon sou seleksyon 80 fim yo nan premye festival fim sa a nan vil Jakmèl ki koresponn avèk ane bisantnè endepandans peyi Dayiti Tankou jan sa te prevwa pwogram lan te kòmanse pou premye jou a avèk yon konsè atis Manno Charlemagne te òganize sou Gran Ri Jakmèl la nan zòn Avni Baranquilla Patrick Boucard te pale sou rezon ki fè pwogram lan reyalize ann Ayiti ane sa a ki daprè li se paske Ayiti ap komemore 200 zan depi li pran endepandans li Li te kontinye pou di inisyativ la sòti tou bòkote Sant D'A Jakmèl la Pou dezyèm jou a vè 4trè apremidi te genyen yon konferans pou laprès nan Sant D'A Jakmèl la pou prezante divès reyalizatè ki te prezan Menm aswè a vè 7tè pwojeksyon fim yo te kòmanse avèk fim ki gen pou tit *L'évangile du cochon créole* ki se fim de Michelange Quay avèk Royal Bonbon ki mete an vedèt Charles Najman Pou klotire sware a gwoup Jahnesta te kreye anpil animasyon nan mitan popilasyon an ki te manifeste anpil enterè pou evènman kiltirèl la Twazyèm jou a responsab yo te pwojte plizyè fim ki te enterese tout piblik Jakmèl la ak lòt moun kite fè deplasman pou vin patisipe nan festival la Pami fim sa yo nou ta site Sen perele yon fim ki baze sou peyi Kiba eki retrase diferan aspè revolisyon kibèn lan Canne Amère Haiti *Killing the Dream* Kanta pou Canne Amère se yon fim ki prezante yon tablo tipikman ayisyen ki mete toutouni fas kache klas dominant ayisyèn lan nan magouy yo toujou ap fè pou kenbe sistèm peze souse a sou do mas pèp la depi 1804 pou rive jounen jodi a Malgré se yon fim ki genyen anviwon 19 lane li toujou parèt aktyèl Apre se te pwojeksyon *Killing the Dream* ke Katharine Kean reyalize Se yon lòt dokimantè ki montre diferan atrosite ak represyon sistematik fòs fè nwa yo ak tout lame Dayiti te enstore nan peyi a pandan 3 lane koudeta Raoul Cédras la attid tonton makout yo nan teworize pèp la avèk konplisite gouvènman meriken Te gen fim fiksyon reyalizatè ayisyen yo tankou I love Anne La peur d'aimer ak lòt fim ayisyen e etranje ki pandan tout rès semèn lan pwogram festival fim lan te kontinye pase nan plizyè kote nan vil la tankou Alyans Fransèz Sant D'A Skakay Se konsa festival fim lan ta pran fen jou dimanch 18 jiyè a avèk yon fim ki rele La fin des chimères Men anvan sa jounal Ayiti Pwogrè te rankontre yon lòt inisyatè festival la kise David Bell ki te retrase pou nou istorik festival fim ke li menm tou se yon sineyas ki fè konnen ke li vwayaje prèske nan lemonn antye avèk fim pa li Li twouve Jakmèl gen karaktè touristik e non sèlman sa se Jakmèl prèske tout gwo evènman kiltirèl yo dewoule Se sa k fè se Jakmèl yo chwazi pou kòmanse ak pwogram sa a yon fason pou bay popilasyon an aksè pou yo wè tout sa kite fèt sou peyi a bagay ki pa pwojte nan peyi Dayiti men pito nan peyi etranje Li remèsyé tout reyalizatè tout medya yo tankou Ayiti Pwogrè ki te pèmèt pwogram lan reyisi Mobilizasyon pèp la ap pran vitès Aprè yon mès aksyon gras ki te chante nan legliz Saint Joseph la nan okazyon 51nièm anivèsè nesans prezidan Aristide plizyè milye manm patizan ak senpatizan Lavalas reponn prezan nan yon gwo manifestasyon nan lari Pòtoprens jou mèkredi 5 jiyè 2004 la pou mande retou prezidan Aristide san kondisyon ak liberasyon plizyè diyitè ak manm pati Fanmi Lavalas

ke gouvènman defakto Alexandre/Latortue a fèmen nan prizon nan tout peyi a Pami yo gen Annette Auguste alyas Sò An minis Enteryè a Jocelerme Privert ak Premye minis Yvon Neptune ki nan move kondisyon nan penitansye nasyonal Epi mete fen nan represyon k ap fèt sou pèp la atravè plizyè eslogan kont gouvènman George W Bush ak Jacques Chirac la ki se 2 pisans enperyalis ki te konplore pou chavire eksperyans demokratik pèp ayisyen an Nan tout pakou manifestasyon an patisipan yo montre attachman yo anvè prezidan Aristide prezidan konstitisyonèl peyi Dayiti Viv Aristide Pa ka gen eleksyon san prezidan Aristide Aristide ou lanmò Yo te denonse tou revokasyon gwo ponyèt ke gouvènman defakto a fè nan tout administrasyon piblik la Yon gwoup fanm te pote nan manifestasyon an kiyè asyèt chodyè pou montre kòman mas pèp la ap mouri grangou avèk lavi chè k ap ravaje peyi a Lavèy manifestasyon 15 jiyè a nan dat 14 jiyè militan Lavalas yo te fè yon sitin devan anbasad Lafrans kote Claudy Sidney denonse politik gouvènman fransè a ki kontinye ap soutni otorite defakto yo Bò kote pa 1 Lesly Fadeau atire atansyon kominate entènasyonal la sou vyolasyon dwa moun k ap fèt ann Ayiti depi enstalasyon teknokrat yo sou pouvwa a Yo fè konnen sèvitè fòs okipasyon an pa gen agiman pou kenbe ansyen Yvon Neptune nan prizon E yo mande arestasyon minis Jistis defakto a Bernard Gousse ak tout akolit li yo tankou André Apaid kòdonatè Gwoup 184 la Guy Philippe ak ansyen senatè Dany Toussaint yo di ki te distribiye zam bay ansyen militè yo pou te ranvèse prezidan konstitisyonèl la Se menm sitiayson an nan vil Okap kote plizyè santèn patizan prezidan Jean Bertrand Aristide te pran lari 11 jiyè a pou mande retou prezidan an aprè ansyen militè Fòs lame Dayiti te arete yon jèn gason ki rele Benson poutèt li mete yon mayo ki genyen foto prezidan Aristide sou li Popilasyon zòn sa a te leve kanpe fè barikad boule kawoutchou epi fòse ansyen militè yo libere Benson Yo te bay lòt randevou nan dat 13-14 Out la pou yon lòt manifestasyon nan depatman Nò a Mobilizasyon pèp la ap pran yon lòt vitès nan diferan zòn nan peyi a pou bay sèvitè ak tout fòs okipasyon an yon bwa long kenbe Pèp la bouke sibi li bouke bay jou gòch li lè yo fin kalote jou dwat li Vol 22 #18 Dosye asasina Brignol Lindor Kolektif 2004 yon swadizan òganizasyon nan vil Tigwav mande pou otorite jidisyè yo arete otè ak komanditè asasina journalis Radyo Eko 2000 lan Brignol Lindor nan ane 2002 nan vil Tigwav Yo reklame arestasyon Emmanuel Antoine yo di ki se yon pwòch ansyen minis Enteryè a Jocelerme Privert *MINUSTAH* ap enstale li Yon premye kontenjan 2064 sòlda ki fè pati Misyon Nasyonzini pou stabilizasyon ann Ayiti (*MINUSTAH*) avèk Brezil antèt ki genyen 1200 sòlda deplwaye nan peyi a Se plis pase 6700 militè ak 1622 polisyè sivil kap genyen pou kantone yo nan peyi Dayiti aprè ke fòs miltinasyonal fin pase mayèt la bay fòs nasyonzini yo ofisyèlman depi 25 jen pase a Dife kontinye fè dega Gouvènman defakto Alexandre/Latortue a rete 2 brase pandan dife kontinye ap koze dega nan Pòtoprens depi plizyè mwa Apre dife ki te pase nan ridèfrondò kote plis pase yon karantèn magazen te pase anba flanm semèn ki pase a yon lòt dife eklate nan ri Travèsyè kote tout pwodwi ki te nan 2 etaj magazen an disparèt nan dife a Jounen jodi a y ap sèvi avèk dife pou kontinye represyon kont manm ak senpatizan Lavalas kòm ki dire ta responsab katastwòf sa a Dayè san lapolis pa di anyen yo deja arete 5 endividé ke yo di ki ta enplike Pèsekisyon sou zafè dwòg la ap kontinye Responsab lapolis republik Dominikèn akonpaye ak ajan *DEA* arete nan vandredi 2 jiyè Romane Lustin yon ansyen responsab Polis ann Ayiti sou akizasyon kòmkwa li ta enplike nan trafik dwòg e paske li te yon pwòch prezidan Aristide Ajan *DEA* yo te transfere li rapidman Etazini pou jijman *UNNOH* ap reklame Inyon nasyonal nòmalyen Ayisyen kontinye reklame mèyè

kondisyon travay pou pwofesè yo avèk kòm prensipal revandikasyon 94 mwa aryere ogmantasyon 32 pou san sou yon peryòd 7 lane de ane 97 rive 2004 Mezi sa yo ak lòt dwe antre ann aplikasyon avan ogmantasyon 30 pou san ke gouvènman defakto a anonsé pou mwa oktòb k ap vini an Pwofesè Louis Janvier Pierre ki se yon manm *UNNOH* kritike gouvènman an ki jiskaprezan kontinye ap peye anseyan yo 2 mil 500 goud kòm salè Dirijan sendika anseyan di yo pral antame yo seri sansibilizasyon pou fòse gouvènman defakto a reponn a revandikasyon yo Rete senpleman pou dirijan *UNNOH* di ki yès ki ba yo dwa pale nan non pwofesè yo apre ke yo fin mennen kanpay pou anpeche lekòl fonksyonne *UNNOH* te patisipe aktivman nan deboulonnen Lavalas Avèk ansyen militè kraze brize nan peyi a Aksyon sa yo montre aklè ke *UNNOH* pa genyen okenn moralite pou pale nan non pwofesè Puiske òganizasyon an montre se enterè laboujwazi 1 ap defann Lapolis arete Joseph Esdras Lapolis nan Pòtoprens arete nan 5 jiyè a Joseph Esdras sou wout Taba a sou akizasyon kòm moun ki ta patisipe nan yon zak kriminèl andedan tankou deyò peyi a Daprè *DCPJ* ki se direksyon santral polis jidisyè Joseph Esdras t ap fonksyone sou yon fo non ann Ayiti ki rele Jean David Dormeil depi apre li te fin kouri kite zòn Florid kote li te fè aksyon kriminèl Anbasadè Foley resevwa mesye li yo Plizyè ofisyèl nan gouvènman defakto a Gérard Latortue an tèt patisipe nan rezidans prive anbasadè meriken an James B Foley nan komemorasyon 228tyèm anivèsè endepandans Etazini jou dimanch 4 jiyè 2004 la Anbasadè a deklare nan òkasyon an ke peyi li renouvre tout soutyen li bay gouvènman defakto tranzisyon an Nap fè remake plizyè pati politik apatriid yo ak swadizan manm sosyete sivil la te reponn preznan nan sikontans lan ki se selebrasyon fèt endepandans Lèzetazini alòske James B Foley te sèvi avèk menm vye sekètè retrograd sa yo pou te anpeche selebrasyon kòm sa dwa 200 zan endepandans peyi Dayiti a Vol 22 #17 Monseyè Poulard ap fè ipokrit Vispresidan konferans Episkopal la Guyre Poulard di li kondane fason patwon li ki se anbasad meriken reyaji apre arrestasyon ansyen Premye minis Yvon Neptune ki dapre li se yon vyolasyon souverènte peyi a Paske dapre li pèsonn pa odesi lalwa Yon lòt kote monseyè Jakmèl la di arrestasyon Yvon Neptune lan montre volonte ke gouvènman defakto a genyen pou 1 fini ak reny enpinit a Komisè Senmak la ap vizite viktim li yo Komisè gouvènman Senmak la Lesly Jules vizite jounen lendi 29 jen an Premye minis Yvon Neptune minis Enteryè Jocelerme Privert ak ansyen despite Amanus Mayette ki se 3 responsab pati Fanmi Lavalas ke *NCHR* akize kòmkwa yo ta patisipe nan swadizan masak Lasiri yon lokalite komin Senmak kèlke jou avan kidnaping prezidan Aristide la Lesly Jules di li swete ke jijman prizonye yo fèt devan tribinal vil Senmak e mande pou bay prizonye yo yon trètmán nòmal Bò kote pa 1 Samuel Madistin ki se avoka viktim ke ni li ni *NCHR* pa ka pwouve a fè konnen ke tribinal Senmak la konpetan pou li tande dosye a Latortue ap ekspoze foto li Premye minis defakto a Gérard Latortue inogire mèkredi 25 jen an yon sal nan Primati a kote li ekspoze foto tout Premye minis ki pase nan peyi a depi vòt konstitisyon 87 la pou rive sou limenm kòm yon defakto Dapre li aktivite sa antre nan kad 100 premye jou depi ke 1 ap koupe rache nan tèt pouvwa a sou lobedyans fòs okipasyon an Gérard Latortue deklare nan okazyon an ke objektif gouvènman defakto a se fè tout moun konnen tou dabò ke ekip li a dakò prensip kontinuite nan Leta dwe devni yon reyalite answit nesesite pou kèlkeswa opinyon ak ideyoloji politik dwe travay ansanm pou rive a yon rekonsilyasyon nasyonal Gerard Latortue pran diplòm nan patisipe nan vye pouvwa defakto Apre eleksyon fo mamit ke jeneral Henry Namphy te òganize nan lane 88 limenm avèk Leslie Manigat te mache sou

sa pèp la pou 1 te vin okipe pòs minis Afè etranjè nan kabinè ke Martial Célestin t ap dirije a Jounen jodi a se gras a prezans fòs okipasyon an ki fè li vin Premye minis defakto Pati politik tradisyonèl yo ap resevwa leson Sòti 26 pou rive 26 jen 2004 la sous inisyativ Institut Supérieur de Formation Politik et Sosyal (*ISPOS*) avèk koperasyon peyi Norvège plizyè reprezantan pati politik te reyini nan Moulin sur Mer nan kolòk ki te dewoule sou tèm pati politik ann Ayiti Eksperyans defi pèspektiv Pandan tout dire aktivite sa a swadizan lidè pati politik manm sosyete sivil ak reprezantan kominote entènasyonal la diskite antre yo fòmasyon e konstriksyon pati politik yo ann Ayiti ki te trete pa Paulo Ferreira ki se yon ekspè brezilyen Depi nan premye jouk rive nan dènye jounen an atmosfè a te trè chofe kote reprezantan ministè Afè etranjè peyi Nòvèj la Kristin Hoem Langsholt te souliye ke dyalòg ak konpromi nan mitan pati politik yo nesesè pou konstriksyon demokrasi a nan peyi Dayiti li renouvre volonte Nòvèj pou sipòte pati politik yo Direktè egzekitif Ispos la Garandy Laguerre kwè ke yo touche pandan 3 jou sa a anpil pwoblèm ak defi ke regwouzman politik yo ap konfwonte nan peyi a Nan rankont lan yon diplomat te kritike ouvètman lidè politik yo e mande yo pou yo travay nan konstriksyon veritab pati politik N ap siyale seachevèk retrete monseyè François Gayot ki te pwosede a lansman kolòk la Pou pèmèt ke Lèzetazini ak Lafrans kontinye kenbe pati politik reyaksyonè nan pye tab yo yo òganize depi aprè 29 fevriye plizyè seyans fòmasyon seminè ak deba nan entansyon lidè pati politik reyaksyonè yo pou yo adapte a nouvo konsèp ki di se teknokrat ki dwe okipe pòs nan pouvwa politik peyi-a Zòn franch Mizè ouvriye komanse Kòdonatè sendika Codevi nan zòn franch nan Wanament lan Borgela Telor denonse nan laprès mèkredi 30 jen an responsab dominiken zòn franch yo k ap fè abi ak enjistis sou malere ouvriye k ap bourike nan faktori zòn franch yo Apre yon mouvman protestasyon ouvriye yo te òganize pou mande ogmantasyon salè vandredi 25 jen an responsab zòn franch yo te debake ak yon kamyon gad dominiken ki te tonbe maltrete ouvriye ayisyen yo ak kout baton Zak sovaj sa te revòlte ouvriye yo ki te lanse alaswit yon grèv lendi 28 jen an pou proteste e kòm sèl repons patwon konpayi Codevi yo nan zòn franch lan yo revoke 70 ouvriye ayisyen Pandan Leta ayisyen pa gen okenn kontwòl ni sou ekonomi ni sou kondisyon travay ouvriye li yo sou premye zòn franch lan Prezidan defakto a Boniface Alexandre kontinye pale de enplantasyon nouvo zòn franch nan peyi a N ap fè sonje ke nan Ayiti Pwogrè nou te kritike sevèman gouvènman Lavalas la lè yo te angaje peyi a nan koze zòn franch ki se yo pati nan plan lanmò neyoliberal la Si se te pou fè meriken plezi pou 1 pat vare sou pouvwa a sa pa mache jan pwovèb la di di dyab bonjou pa di 1 bonjou 1 ap manje w Nodès Volè sèl kòk chante Abitan divès komin depatman Nòdès pa kapab rale yon ti souf ak nèg ame k ap opere san kè sote sitou ak absans polisyen 11 komin depatman an depi plizyè mwa Se chak jou peyizan yo ap viktim anba men bandi yo k ap mache dechèpiye lakay moun boule sa yo jwenn volè bèf fouye machin elt Lendi 21 jen an vè 11 zè nan aswè nan lokalite Magritton yon gwoup nèg ak zam debake lakay divès abitan tankou Leodette Amelius Bernius Benjamen Saintilmond Jonas Dorcelat Dominique Esaïe Dominique kote bandi yo pote ale tout sa moun yo posede apre yo te fin mare anba kòd tout moun Nan Gwos Ròch 3e seksyon Otwou menm bandi ame yo debake lakay Antoine Jean Fose nan lannwit lan epi pran tou sa yo trouve ansanm ak 3 bèf ki te nan lakou a Otwou Selebrasyon fèt patronal Se mèkredi 23 ak jedi 24 jen an sen patwon Otwou Dinò a sen Jan Batis selebre ane sa pou kenbe tradisyon an Kontrèman a lane pase yo kote fèt sa konn trè chofe pèleren yo pat vini anpil akoz ensekirite Pil fatra simaye tribò babò nan tout vil Otwou nan moman fèt la

ap fete Toutfwa divès okès tankou Tropic Septan Compas du Nord te pèfome an epi troup vodou t ap anime Yon lòt bò anpil pèleren ki abitye al limen bouji ak lapriyè sen Jan Batis nan legliz la te fache pou tèt kire a pè Anès Angrand te bare perimèt legliz la pou anpeche pèleren vin limen bouji alòske fidèl katolik yo aplodi desizyon an Pandan selebrasyon fêt patronal la plizyè polisye te sòti nan vil Okap ak militè okipan t ap asire sekirite zòn sa ki pa gen polisye depi nan moman koudeta 29 fevriye a kote se lame ansyen opozisyon an ki pote non Kosovo k ap fè lalwa Okap Akwochay ant Lapolis ak ansyen militè Gabriel Antoine alyas Gwo Gaby yon ansyen militè k ap feraye nan vil Okap resevwa plis pase 3 katouch nan pye pandan yon akwochay ki te opoze ansyen gad sa ak yon patrouy lapolis jedi premye jiyè a vè 8 tè nan aswè nan zòn Kiteyo yon katye nan vil Okap Gabriel Antoine ki t ap agrese polisye yo te rale zam li Polisye yo te mennen ansyen militè a lopital Yonn nan pòtpawòl ansyen militè yo nan Okap Francklin Jean fè konnen nan laprès ke Gwo Gaby t ap anpeche lapolis la fè yon arrestasyon ilegal ki ta lakoz ensidan sa Kòm si ansyen militè yo nan Okap te janm fè yon arrestasyon legal depi yo te anvayi vil la Direktè depatmantal Nò polis la Hervé Julien te di li regrett se konsa ansyen militè yo monte koze a Pandan li fè konnen ke patrouy lapolis la ki te tandem plizyè kout zam nan katye Kiteyo te entèvni pou retabli lòd kote Paul Chery alyas Pablo ki se fanmiy ansyen militè a t ap joure ak Albert Kalil yon komèsan nan zòn nan e ansyen militè a ta anpeche entèvansyon Lapolis la ki t ap pran dispozisyon nesesè pou tabli lòd Antouka kèlkeswa ipotèz yo te soutni an ki lakoz ensidan an si otorite defakto yo ak fòs okipan yo pat bay kat blanch pou fòs paralèl ansyen militè yo fonksyone kote y ap fè e defè ak tout arogans konfli sa pa t ap eklate Militè okipan chilyen ki fè pati nouvo fòs *ONI* yo nan Okap te entèvni nan baz ansyen militè yo pou kalme ansyen militè yo ki te menase atake komisarya polis Okap la pou vanje frè gang yo Pou konnye a gen yon tansyon ant lapolis Okap ki te panse ke yo te ka kolabore ak ansyen militè yo *OKAP* Ansyen militè yo kontinye ap fè abi Jude Reynald Julien alyas Doudou ki se frè ansyen delegue depatmantal Nò a doktè Myrthe Julien ke teworis ansyen rebèl yo te arete lendi 28 jen an te jwenn liberasyon li jou premye jiyè a apre li te fin parèt devan lajistis Okap ki pat retni okenn chaj kont li Okap Brigad antikidnapping Direktè jeneral polis nasyonal la Léon Charles anonse nan yon radyo nan vil Okap ke yon ekip polisye ki fè pati yon nouvo inite ki rele Brigad antikidnapping ap rantre vin enstale nan vil Okap Inite sa tankou non li endike a ap gen pou lite kont zak kidnapin ki kòmanse frape kèk komèsan nan vil la Brigad la ap gen tou pou evalye byen polisye yo tou pou pa pèmèt yo ta posede byen nan manyè ilegal Vol 22 #16 Reynold Georges pa konn sa pou 1 di Prèske 2 semèn apre li te fin rankontre ak gouvènman defakto a dirijan *ALLAH* a Reynold Georges di li te pwofite okazyon an pou li mande yo prese yo pou nonmen tout katèl majistra yo nan 136 komin peyi a paske sitiayson sa a kapab lakóz genyen gwo ensekirite nan tout pwovens yo paske popilasyon an ap lage pou kont li Epi li mande pou otorite defakto kanpe sou divès ka vyolasyon konstitisyon an depi apre 29 fevriye 2004 la Li kontinye pou di ke li pase enstriksyon fòmèl bay Gérard Latortue pou 1 sispann tout arrestasyon ilegal pou li leve entèdiksyon depa kont ansyen ofisyèl gouvènman Lavalas la e chanje tout chèk otorite Lavalas yo te mete deyò pou yon rezon ou pou yon lòt sitou chèk ke mizisyen yo te touche apre kanaval ki se yon fèt ke Leta dwe sibvansyone Pou fini li mande pou otorite defakto yo remèt lame a kanpe sou banyè Nasyonzini lepli rapidman posib yon fason pou entegre sòlda yo nan travay developman ki se remanbre agrikilti ki vle di pou yo bay patisipasyon yo nan travay irigasyon nan peyzànri an ak travay enfastrikti nan

konstriksyon wout pon elatriye Konsa Reynold Georges remèt Latortue yon pwogram gouvènman tou kuit men pèsonn pa konnen si konpayèl li ap koute li Enstalasyon konsèy minisipal Petyonvil Yon nouvo katèl majistra antre an fonksyon jounen mèkredi 23 jen 2004 la Seremoni denstalasyon dewoule an prezans delege depatmantal Lwès la Bernadin ak plizyè ofisyèl gouvènman defakto a Pierre Michel Prosper ki se majistra prensipal komin Petyonvil la deklare li rekonèt sitiyasyon an trè grav e li di li pral atake diferan pwoblèm zòn lan tankou degradasyon anviwonman mache piblik ki gaye nan tout komin lan Nouvo majistra a fè konnen tou li pral atake pwoblèm prostitisyon an ak fenomèn ensekirite a ki pran yon anplè konsiderab Nan finisman seremoni an 3 majistra yo siyen pwotokòl dakò pou anpeche lòbèy eklate antre yo Akò pou fini ak chirepit nan meri Pòtoprens Apre gwo chirepit ki te genyen nan komisyon kominal Pòtoprens lan ant premye manm Carline Simon ak 2 lòt yo yon akò siyen ant 3 manm yo sou sipèvizon ministè Enteryè yon fason pou sispann pale anpil k ap fèt bò kote 2 manm yo ki dapre yo Carline Simon ap konpòte 1 nan meri kòm byen prive 1 Selon 2 lòt manm yo tout desizyon yo toujou konsantre anba men Carline Simon ki gen dwa otorize rekizisyon chèk e tout fòm dekesman pou kont meri a Se sèlman ann absans li ke 2 lòt manm komisyon a kapab fè dekesman de konsè avèk kesye peyè a e toujou selon akò a manm komisyon kominal dwe reyini yon fwa pa semèn pou echanje tout enfòmasyon ki konsène meri ak dosye oke yo jije enpòtan Nou pa konnen pou konbyen tan akò sa a ap kenbe Prisca majistra defakto ap fè bilan Yon mwa apre enstalasyon nouvo katèl majistra Delma a prezidan li Prisca Jean Vilfort deja drese sa li rele yon bilan pozitif travay li di ke li reyalize Majistra defakto a di avèk lapolis li kraze plizyè rezo gang ki t ap opere nan Delma Nan bilan travay li a li menm antre travay ki antre nan pwojè ki déjà ap fèt pou montre ke 1 ap reyalize kèk aktivite nan komin lan tankou pwojè lasante netwayaj diferan zòn Delma degèpisman tout ti machann ki anvayi trotwa ki sou wout ayeopò a ak sèvis fiskalite meri a ki pral operasyonèl nan pa twò lontan dapre sa li fè konnen Pa gen dlo nan Ansagalè Popilasyon nan Ansagalè gen gwo pwoblèm pou yo jwenn dlo Dapre sa yo fè konnen malgre yo mache tout lanwit dèyè yon ti dlo pafwa yo retounen lakay ak vesò yo vid akoz bandi k ap bat yo vyole jèn fi lè y al dèyè dlo a pandan lanwit Afè dlo ban nou gwo pwoblèm nan Ansagalè nou konn leve depi 11 zè pou rive 5kè nan maten nou pa kapab pran yon ti gout dlo pou sove lavi timoun nou yo k ap fin depafini ak swaf ak vagabon k ap kalonnen nou anba kout wòch te deklare yon abitan nan Ansagalè ki pwofite mande pou òganis ki responsab zafè dlo nan vil Ansagalè pran tout dispozisyon pou amelyore pwoblèm dlo a nan vil la Jeneral Coleman kontan ak tèt li Apre 3 mwa li pase nan tèt fòs okipasyon an jeneral Ronald Coleman ki se responsab fòs okipasyon an deklare li trè satisfè pou gwo travay li reyalize nan tèt Fòs militinasyonal la Li di ke fòs okipasyon an akonpanye avèk polis nasyonal la rive estabilize peyi a kèk jou avan yo transfere otorite bay Nasyonzini Sepandan jeneral la fè remake se popilasyon an ki dwe drese bilan travay fòs la sou teren an Li rapòte ke fòs la sezi plis pase 200 zam ilegal tout kalib atravè prèske tout peyi a E yo te genyen pou mete men sou tout zam ilegal sete an fonksyon de yon seri enfòmasyon sous ki di ki kote zam yo sere Konsènan kritik manm Amnesty International yo pou vyolasyon dwa zimen ke militè fòs okipasyon an komèt sou popilasyon an Coleman senpleman di tout sòlda yo jwenn lòd bò kote siperyè yerarchik yo pou yo pat vyole dwa ayisyen yo Vol 22 #15 Mobilizasyon Rezistans pèp la pi rèd Selil refleksyon baz Fanmi Lavalas te anonse divès aktivite nan kad mobilizasyon san pran souf ki te déjà anonse nan objektif pou yo jwenn satisfaksyon a revandikasyon yo

Nan sans sa a plis pase 15 mil moun manifeste yon lòt fwa ankò nan kapital la jounen vandredi 18 jen an Yo te pran lari pou denonse manèv sèten dirijan pati a ap fè pou yo al patisipe nan *KEP* la epi montre detèminasyon yo nan lit y ap mennen pou retou fizik prezidan konstitisyonèl la Jean-Bertrand Aristide Manifestasyon yo ki pase nan plizyè katye popilè ak sant vil la lanse divès eslogan pou denonse gouvènman defakto a avèk fòs okipasyon an Fòk Boniface ak Latortue kite pouvwa a Nou pa prale nan elekson avèk defakto Aba okipasyon viv retou Aristide san konte ke yo kontinye mande liberasyon militan pati a tankou Sò Ann ak anpil lòt Manifestan yo pwofite yo tou bay pozisyon yo klèman sou kesyon elekson malatchonn ke otorite defakto yo vle òganize nan peyi a an konplisite avèk okipan yo e yo fè konnen ke yo pap patisipe nan elekson san retou prezidan Aristid Kontrèman a sèten dirijan pati Fanmi Lavalas ki te kòmanse ap prepare pou voye reprezantan yo nan *KEP* la yon fason pou yo te lejitime koudeta 29 fevriye a Dayè pèsòn nan dirijan sa yo pa janm pale pawòl kidnapin ke prezidan an di li sibi anba men Lèzetazini ak Lafrans Mobilizasyon sa a montre volonte mas pèp la pou l pa aksepte politik gwo ponyèt ke lennmi chanjman yo ap fè nan peyi a Donk baz yo ap koninye goumen sou kesyon prensip yo Se pou yo kontinye nan sans sa a e refize patisipe nan okenn maskarad elektoral Se òganizasyon ak mobilizasyon jiska laviktwa final Vol 22 #14 Nouyòk bay Latòti monnen pyès li Lendi 4 jen an depi vè 2h konsa moun te kòmanse rasanble devan Konsila a nan Manhattan Se konsa plis pase 50 moun te kanpe yon picket line devan konsila Ayisyen an jounen jodi a nou kapab menm di Konsila makout paske se yon makout ki konsil jeneral la Picket line sa a se Kowalisyon pou reziste kont koudeta 28 fevriye an Ayiti a ki te rele li pou denonse visit Premye minis defakto a Gerard Latortue Dèyè banyè kowalisyon an manifestan yo te reponn avèk anpil fòs yo te mete tout kouray yo nan batay la kont pwovokasyon ak menas toutous ak flatè restavèk ki t ap defann Latòti yo t ap fè Depi 3h30 jiska 9h nan aswè beton an te cho devan konsila Ayisyen kou etranje ki te la yo pat met dlo nan bouch yo Yo te lanse kèk bonjan eslogan malouk bay Latòti tankou Bare yo Mare yo Veye yo N ap veye anwo ak anba Latòti vann peyi a pou l al manje Akra Latoti Mèsenè Latòti se *la torture* Vol 22 #11 Deklarasyon piblik Annette Auguste Penitansye Petyonvil Ayiti 23 me 2004 Jodi a m ap pale ak lemonn antye kòm yon moun ki nan prizon ann Ayiti pou konsyans mwen pou lide m ak konviksyon politik mwen Militè ameriken te arete mwen nan dat 10 me 2004 nan Komin Dèlma Vè minwi edmi militè sa yo te atake kay mwen ak vyolans Yo te sèvi ak eksplozif epi gwo zam lagè pou panike tout moun nan kay la san blyie timoun yo ti katkat ki t ap domi ak kè poze Pou antre nan lakou a yo te kraze baryè a avèk yon eksplozif Yo touye de (2) chen ki te nan lakou a sèl pwoteksyon kay la te genyen Mwen pap janm blyie chòk mesye sa yo te fè nan lespri timoun yo ki nan fanmi an Twa (3) moun nan kay la ki pa te jwenn arrestasyon akòz yo te lage ko yo anba nan yon balkon lè yo tandé bri gwo zam nan lakou a Yo te tonbe sou do yon kay nan vwazinay la tòl la te fann epi yo tonbe andedan kay vwazen an Youn ladan yo yon tifi trèz ane te blese grav nan janm li te al koud nan sal ijans lopital Okenn nan nou pap janm ka blyie move trètman nou te sibi pandan operasyon militè sa a Yon operasyon ki te fèt nan non administrasyon Bush la ak nan non ideyoloji 1 ap klaksonnen ki se konstwi demokrasi nan peyi a Verite a se kay mwen militè ameriken anvayi yo mete mwen nan prizon epi kle liberasyon m nan men yo Yo pretann kache deyè do systèm jistis ayisyen an pou kouvri zak yo fè a Se militè ameriken ki te anvayi kay mwen ak lafòs san yon manda lajistik Yo minote mwen pandan polisye ayisyen yo te rete chita kèpòpòz nan machin ap tann deyò a Militè sa yo di rezon ki lakòz

yo fè zak krazebrize sa yo sou kay mwen ak sou fanmi an se paske yo aprann mwen t ap prepare pou vin atake yo epi mwen te menase sekirite ak estabilite peyi mwen Kijan yo ka jistifye sa yo di la-a lè yo konnen trè byen kiyès ki premye reskonsab sa yo di sou mwen yo Estabilite Ayiti menase akoz gouvènman Lafrans mete ak gouvènman meriken pou pran Prezidan konstitisyonèl nou an pafòs 29 fevriye 2004 Kijan yo kapab kache move santiman yo genyen lè yo konnen se yo menm sèlman ki te reskonsab bay ansyen manm Fòs Ame Ayiti yo ansanm ak ansyen manm eskadwon lanmò yo fòmasyon ak ankadreman pou anvayi teritwa nasyonal la pou rive kapote gouvènman konstitisyonel Repiblik la pa fòs Se apre gouvènman Etazini fin vire lòlòj maryonèt yo Latortue nouveau Premye minis defakto a ansanm ak sistèm jidisyè ayisyen an pou kapab akize mwen malonètman kòm moun ki te òganize atak kont swadizan etidyan nan opozisyon jounen 5 desanm 2003 pandan te gen manifestasyon kont Prezidan Aristid ak gouvènman Lavalas la Mwen pa te janm gen men mwen tranpe ni depre ni delwen nan evenman yo ki te pase jou sa a Se nan radyo mwen tande repòtaj sou evenman sa yo Mwen pa gen dout nan lespri mwen akizasyon sa yo se yon mizansèn nan yon pyès teyat malouk yon pyès teyat lawont Li klè se administrasyon Bush la ansanm ak fòs militè ki nan Ayiti yo ki te arete mwen e ki gen kle pou lage mwen jiskaprezan Se yo menm sèlman ki kapab bay lòd pou lage mwen Menm si li ta posib pou grese pat yon ofisyèl ayisyen kowonpi oubyen pou ta peye yon amann lajistis ayisyen ta enpoze pou lage mwen fòk se ta nan pi wo nivo politik administrasyon Bush la pou desizyon sa a ta apwouve Depi mwen te fèmen nan prizon kanpay represyon kont militan nan baz Fanmi Lavalas yo pa sispann okontrè li vale teren Nouvo fòs polis militarize a ki sou kontwol Fòs Miltinasyonal Enterimè a ki anreyalite anba direksyon Merin Etazini fòs sa yo pa janm sispann fè zak sasinay sou militan nan mouvman Lavalas yo lidè kredib tout moun konnen k ap viv nan katye popilè yo Sa yo pa mete nan prizon blije al kache pafòs akòz mannigans sa a k ap fèt pou detwi mouvman Lavalas la mouvman sa a ki kontinye wè nan Jean-Bertrand Aristide Prezidan lejitim ak konstitisyonèl Ayiti Pandan mwen kote mwen ye nan prizon pafòs la mwen konstate kijan kanpay represyon sa a kanpay entimidasyon ak sasinay sa a jwe nan sèvèl anpil nan manm pati a Mwen konprann laperèz yo genyen paske mwen se youn nan viktim kanpay sa a ki vize pou detwi espwa nou ak aspirasyon nou genyen pou konstwi yon Ayiti kote moun ki pi pòv yo pap sèvi mach eskalye pou moun k ap reve vin fè fòtin pèsonèl yo Pou moun ki kontinye considere tèt yo kòm reprezantan Lavalas majorite moun pòv yo nan Ayiti mwen ta renmen fè yo sonje lesion premye okipasyon meriken te fè sou teritwa nasyonal nou Mwen ta renmen rafrechi memwa yo pou fè yo sonje Charlemagne Peralte ki te pase anpil mati Chalmay te fin tabli yon akò lapè avèk ameriken apre sa li demobilize twoup rezistans yo ki t ap goumen kont okipasyon Blan yo te trayi pawòl misye yo te kidnape li epi asasiné 1 Jounen jodi se menm sò sa a k ap menase plizyè manm Lavalas ki kwè ak tout senserite nan souverènte ak jistis Nan prizon kote mwen ye a mwen pran fòs ak kouray nan pil ak pakèt vwa k ap leve toupatou sou latè kont enjistik k ap fèt jounen jodi sou pèp ayisyen Kont abi ak soufrans y ap fè pèp sa a sibi Mwen gen rekonesans pou Reprezantan Kongrè ameriken an Madam Maxine Waters ansanm ak tout lòt moun ki kanpe pou fè solidarite ak pèp ayisyen an pou fè san sispann koule pou pèmèt lemonn antye konnen laverite ak vrè reyalite n ap viv jounen jodi-a Mwen voye tout lanmou mwen ak tout rekonesans mwen ban nou epi mwen fè nou konpliman poutèt nou rete djanm nan volonte nou genyen pou triye laverite nan mitan manti ki vlope Ayiti jounen jodi Kòm yon fanm lib fanm k ap lite pou fè respekte dwa pifò pòv nan peyi nou

mwen voye lapriyè mwen bannou Yo kapab kontinye kenbe kò mwen nan prizon men yo pap janm kapab anchennen laverite ki lan nanm mwen M ap kontinye lite pou lajistis ak laverite nan Ayiti jouk souf mwen koupe Annette Auguste Pénitencier de Pétionville Haïti Vol 22 #10 Okipan yo ap fè bòn zèv Kolonèl meriken David Lapan avèk *ONG* ki rele Food for the Poor yo t ap distribiye materyèl tankou pèl bourèt manchèt elatriye jou 3 me a nan Site Solèy Li siman ap prepare li pou remete kòve tankou lè okipasyon 1915 lan Rekritman nan lapolis nasyonal la Plis pase 35 mil jèn gason ak fi ant 18 a 30 tan pam yo 26 mil konsa pou rejyon metwopolitèn enskri pou antre nan lapolis nan kad rekritman otorite yo te lanse nan mwa avril 2004 la Se moun ki reyisi egzamen nevyèm ane fondamantal ki donk admi pou segond segondè ki ap elijib pou konpoze pou 1200 pòs yo ki pral disponib pou 3 pwomosyon lapolis Lapolis nasyonal ap reyalize aktyèlman dosye yo e sezi done yo pou fè triyaj la pou pèmèt nou retni yo e rejte rès yo te deklare Jean Lyonel Trécil enspektè jeneral Li fè konnen tou ke sèzyèm pwomosyon an rezève pou ansyen militè yo Minis Finans lan pa kenbe pwomès li Gouvènman defakto atravè minis Finans lan Henry Bazin te lanse yon operasyon ranmase fatra nan kapital la e li te fè konnen ke se te yon fason pou lè Premye minis lan retounen le 14 me fò ke lari a pi bèl pase jan li ye kounye a Men jiskaprezan Pòtoprens toujou anba fatra Pèsekisyón ap kontinye pi rèd kont Fanmi Lavalas Ansyen despite Gilvert Angervil manm komisyón komunikasyon Fanmi Lavalas denonse arrestasyon ak entimidasyon ke lapolis nasyonal la ak fòs okipasyon an ap fè sou manm li yo nan tout peyi a sitou nan Pòtoprens Sa ranre dapre li nan kad pèsekisyón politik jeneralize kont tout manm li yo yon fason pou gouvènman defakto Alexandre/Latortue a òganize eleksyon ofisyèl pou yon sèl fanmiy politik Nou kalifye tout arrestasyon sa yo de pèsekisyón jidisyè kont tout ansyen dirijan Fanmi Lavalas Nou gen 2 mwa depi n ap denonse tout arrestasyon ilegal sa yo ki ap opere pa lapolis san konte bandi ame ki pa gen anyen pou wè ak lapolis Donk responsab Fanmi Lavalas yo tou wè ke se pa lapenn ale nan eleksyon sou kontwòl ekip defakto yo Angervil tou pwofite drese yon tablo sou kantite patizan senpatizan dirijan Fanmi Lavalas ke gouvènman defakto a avèk lapolis epi fòs okipasyon an jete nan prizon ilegalman Tankou Pierre Renold Charles ki se kòdonatè Fanmi Lavalas Kafou le 3 me a André Fritz Alexandre nan Mayisad nan Miragwàn nèg ak gwo zam lapolis fòs entènasyonal yo debake a 2 zè dimaten kay sitwayen Yves Metellus ki se direktè dwann Miragwàn Nazon Monvilus Franklin Lafleur yo fouye kay yo e mesye sa yo tonbe nan mawon 5 me nan Ench bann gwooup ame debake nan rezidans jij titilè Demoncieux Desarmes e jodi an misye twouve li nan mawon Micha Gaillard kontan anpil Ansyèn opozisyon reyaksyonè kont prezidan Aristid la deklare nan plizyè radyo jan yo akeyi avèk anpil satisfaksyon nouvèl arrestasyon kòdonatris Fanmi Lavalas deputman Lwès la Annette Auguste alyas Sò Ann Daprè Micha Gaillard ki se yonn nan chèf Konvèjans lan arrestasyon Sò Ann lan se yon siyal klè ke gouvènman defakto a voye bay tout moun ki te poze dè zak akarakè kriminèl sou ansyen rejim Lavalas la Pandan li fè konnen ke li pa dakò jan arrestasyon an fèt la li fèt gwo lanwit Sa Latortue ap fè kòm travay Plizyè abitan nan kapital la fikse pozisyon yo sou sitiyasyon malouk k ap wonje peyi a depi apre kidnaping prezidan konstitisyonèl la nan lanwit 29 fevriye pase a Daprè yo priyorite yo chita nan retou lòd demokratik la pou rezoud pwoblèm tankou ensekirite netwayaj diferan kwen nan capital la ki chaje ak fatra toupatou bese pri lavi a k ap toupizi malere nan tout peyi a pou fini ak blakawout menm jan sa te kòmanse fèt nan prèske tout deputman peyi a Selon abitan yo zafè eleksyon pa enterese yo anba fòs okipasyon ak yon gouvènman de faktò ki pa gen

manda pèsonn Okap ansyen militè yo ap teworize...Kèk manm komite katye bidon Platfòm demokratik ak ansyen militè depatman Nò a nan Okap di yo pa dakò ak fason gouvènman defakto yo a nonmen moun nan tèt administrasyon piplik yo Konsa jounen mèkredi 5 me a yo te kèlke dizèn akonpaye ak ansyen militè demobilize yo ki te fè tantativ sou tantativ pou fèmen pòt APN Okap la epi manke pase nouvo direktè kite fenk nonmen an a lenfinitif se gras a prezans lapolis ak fòs okipasyon an ki te anplwaye gwo dispozitif sekirite pou anpeche chyen anraje yo touye nouvo direktè a Pierre Sully Nan menm jounen mèkredi sa a ansyen militè yo te patisipe nan maspinay sou divès abitan nan zòn Sanrezon yon katye popilè ki sitiye nan antre vil Kap-Ayisyen kote yo fè plizyè arrestasyon ilegal Vol 22 #9 Arrestasyon Sò An Okipan yo ak defakto yo ap kraze brize Dimanch 9 me a vè minui san zatann militè meriken debake kay Annette Auguste (Sò An) nan Delma Se kòm si se nan yon baz Alkaida merin meriken yo genlè ta pral mennen yon operasyon Ata cha blende yo te genyen e ak gwo zam fann fwa yo eklate baryè kay la pou yo rantre pandan n ap dòmi li te ka minui e demi yo lage yon grenad andedan kay la...pandan nou leve yo tire nan baryè yo avèk yon ti misil Yo fouye kay la yo di kay la gen zam gen grenad Yo di Sò An sòti nan lari chak jou al bay kòb pou fè manifestasyon yo di se Sò An k ap mobilize pou tire blan yo... te eksplike nan Radyo Solidarite yon nyès Sò An Andrelle Anne Elie Merin yo fè tout kalte kraze brize nan kay la Nan tire ata yon ti chen yo dechire pak an pak Andrelle te kontinye eksplike Te gen cha blende deyò a yo kraze tout bagay nan kay lan yo pran plezi yo pou yo kraze tout bagay gen yon gato yo pran gato a yo badijonnen 1 nan kilòt nan tout bagay Gen kòb moun ap chèche yo pèdi Nou pèdi telefòn nou pa jwenn anyen menm E se pa jwèt paske tout kote merin yo pase yo pran lajan moun yo Andrelle te fè konnen tou ke kòm chanm li ki nan etaj li te lage kò 1 kay vwazinay ansanm ak yon ti sè li ki sòti ak yon pye kase Andrelle limen blese nan moso boutèy N ap tou fè konnen ke Sò An te opere nan mwa fevriye dènye Se operasyon fibròm yo te fè 1 e doktè te di li fòk li repoze san 1 pa pran lari Donk ki kote yanki yo jwenn koze ke Sò An nan lari tout lajounen ap bay lajan pou touye blan Swadizan lajistik ayisyen menm fè konnen te gen manda dèyè Sò An E yo te repwoche 1 kòm kwa li ta enplike nan deblozay 5 desanm 2003 nan fakilte Syans Zimèn Nan menm lendi 10 me a Sò An te parèt lajistik men kòm li pat gen avoka yo retounen li nan Penitansye nasyonal Yon prizon ke yo pa dwe mete fanm ladan Men responsab nan polis nasyonal la fè konnen prizon fanm ki sou Fò nasyonal nan Bèlè nan move eta yo paka resevwa moun ladan Yonn nan pòtpawòl Fanmi Lavalas yo Gilbert Angervil denonse arrestasyon gwo ponyèt e ilegal ki fèt non sèlman sou Sò An men sou divès manm pati a nan 4 kwen peyi a Se pa sèlman Sò Ann yo arete ilegalman Nou genyen Pierre Reynold Charles kòdonatè Fanmi Lavalas Kafou... Arrestasyon Charles te fèt san manda dimanch 2 me 2004 nan Pòtoprens Jou ki te lendi 3 me a bandi kidnape lakay yo André ak Fritz Alexandre nan Mayisad Yo fèmen yo Papay Madi 4 me nan Miragwàn nèg ak zam debake a 2zè nan maten kay Yves Metellus direktè dwàn Miragwàn ak Nazon Norvilus epi Francklin Lafleur pou fouye kay yo Tout moun sa yo nan mawon jounen jodi a 5 me 2004 la nan Ench ansyen lame yo debake lakay jij Demoncieux Desarmes msye rantre nan mawon Menm 5 me sa a lapolis te arete ilegalman majistra Delma Mayon Guerrier Bagay sa si tèlman te lèd yo te sètoblige lage Mayon apremidi 9 me a Li fè kanmenm 4 jou prizon Menm NCHR oblige rekonèt arrestasyon yo ilegal epi san prèv Jou 6 me 2004 lapolis fè dappiyan sou chantè Tipay atis angaje tankou Sò An lapolis di li te nan piye bank Kafou jou 29 fevriye 2004 la Arrestasyon fèt sou Jean Duval Siméon nan Miragwàn Li nan

prizon Lendi 9 me a yo arete yon sèten Carlo toujou nan Miragwàn Donk si se pa lachas y ap fè a militan ak senpatizan Lavalas kijan sa rele Se yon veritab represyon ki tabli sou mouvman popilè a an jeneral Epi anpil Konze ap fè kout dwèt bay manti pou entimide tout militan pou yo ka rantre nan kokiyo Se konsa plizyè militan Lavalas wè arestasyon Sò An tankou yon pinga pou manifestasyon 18 me yo planifye a Yo di kout ke kout fòk manifestasyon an fèt yo pap pran nan entimidasyon Anpil lòt manm Lafanmi wè tou nan arestasyon Sò An nan yon presyon moral pou yo ka voye manm yo rantre nan *KEP* konfyolo a Yo di seswa jamè y ap mobilize pasifikman pou lòd konstitisyonèl la retounen Sektè reyaksonè yo nan peyi a bat bravo lakontantman pou arestasyon ilegal yo Himler Rebu gen kè kontan pou jan y arete Sò An Li menm di Sò Ann te nan distribye rigwaz pou kraze manif opozisyon an jou ki te 3 desanm 2003 a Vol 22 #8 Fòs okipasyon yo vle remete lame a kanpe - Kèk santèn manm ansyen Fòs Lame Dayiti a te vini nan lakou akademi polis nasyonal la nan dimanch 2 me 2004 la Se ministè Enteryè kolektivite teritiryal ak sekirite nasyonal gouvènman defakto e yon swadizan komisyon espesyal ki te reyini yo pou vin bay dosye yo nan manèv k ap fèt pou rekanpe ansyen Fòs Lame ke prezidan Aristide te disoud an 1995 Nou konnen ke se ansyen jeneral Abraham ki minis enteryè gouvènman defakto ki la a Donk rankont sa a te swadizan se pou entegre ansyen sólda nan lapolis la te kache vre pwojè yo e li te plis chita sou resansman ak etid dosye manm ansyen lame ki te nan diferan distri militè zòn metropolitèn nan idantifye yo ki konpayi ak nom chak ansyen militè sa yo ki te kantone nan depatman Lwès la pou detèmine ki kantite ansyen sólda ki disponib kounye a Se senpleman kèk kesyon ki te prepare pa komisyon espesyal la nan yon fòmilè ki pou retrase pakou yo jouk rive an 95 tankou youn rekri yo t ap di Sa yo mande m nan fòmilè a Yo mande mwen nom manman mwen nom e prenon m answit dat ke m te rantre nan lame a dat m te kite epi dènye pòs mwen te okipe si mwen pa janm patisipe nan arestasyon arbitrè anprisonman soulèvman sabotay ak touye moun Epi èske mwen vle entegre Polis Nasyonal la Se nòmal paske m jèn gason mwen bezwen travay se nòmal pou m entegre Polis Nasyonal la te deklare yon sólda ki rele Pierre Toussaint Gregory ki di li te afekte nan 22e konpayi Delmas 33 Ansyen kolonèl Apolos Laurore te montre satisfaksyon li pou jan li di lit e wè kouman ansyen militè yo pare pou bay sèvis yo nan polis nasyonal la Sou bò pa 1 ansyen kolonèl Marc Henry Charles ki te ann Almay kòm atache militè an 94 fè konnen Mwen se yon sólda yo te banm bon lòd pou m egzekite mwen egzekite I Militè yo te demobilize nan sèten epòk nan karyè yo Jodi a yo fè apèl pou yo sa wè dosye yo e panche sou sa chak nan yo ann patikilye kote te genyen bon avi de rekritman sa ki enterese yo vini nan polis nasyonal la e posibilité yo genyen si yo kapab reponn kritè ki rekòmande pa polis nasyonal la donk y ap pran yo an konsiderasyon Sou kesyon ke plizyè ansyen sólda Fòs Lame Dayiti ki okipe Plato Santral ki fè konnen yo pap antre nan polis nasyonal la paske yo menm se militè yo ye Marc Henry Charles deklare Genyen yon fòmilè pou ranpli chak endividé gen opinyon pèsonèl yo genyen yon pwopozisyon e yon posibilité ki ouvè a chak endividé pou yo bay yon respons patikilye Kòm nou ka wè respons lan pa klè ditou An 1934 Fòs lame okipasyon meriken an te mete nan peyi a gad nasyonal pou te kontinye kenbe pèp la anba pye lelit la Yo te masakre tout lidè ki te rete tennfas nan rezistans tankou Charlemagne Péralte ki t ap goumen pou te debarase peyi a kont okipasyon an Aprè kidnaping prezidan Aristide la fòs okipasyon an kouri vin sove politisyen tradisyonèl yo Gwooup 184 André Apaid la ak klas dominant lan devan mobilizasyon ak detèminasyon mas pèp la ki pa sòti pou renmèt peyi a bay ti gwoup aloufa apatriid yo

Jounen jodi a konplo pou remete lame sanginè a kanpe se yon kou byen monte Paske li parèt dwòl pou tout moun ke zak kraze brize ke lame te komèt lè yo te la epi jounen jodi a kesyon etid dosye yo chita senpleman nan yon fòmilè pou blanchi yo devan lajistis Demach sa a montre se yon lame tou nèf okipan yo vin remete nan peyi a avèk menm ansyen manm lame sanginè a Paske pèp ayisyen an konnen se menm fòs okipasyon meriken an ki vòlò tout dokiman lame a avèk manm Fraph yo kote yo pa janm renmèt dokiman sa yo pou limyè fèt sou diferan zak manm ansyen lame a Paske avèk yon lame ki genyen 32 koudeta sanglan nan achiv li pa kapab reparèt sou moun avèk kèk kesyon senpleman Se pa nan lapolis yo bezwen entegre mjesye sa yo se lame kraze brize yo vle refè Vol 22 #7 Dezameman Yon operasyon pou maske represyon Pòtpawòl Fòs miltinasyonal okipasyon an kolonèl meriken David Lapan deklare nan yon konferans pou laprès jou vandredi 23 avril la nan lokal Inivèsite Taba a ke yo okipe militèman depi debakman yo a ke Fòs yo a mete kanpe yon pwogram dezameman depi vè 15 – 16 avril Pwogram sa a vize pou achte enfòmasyon nan men nenpòt ki moun pou dekouvri kote ki genyen depo zam sere 35 mil dola meriken se kantite lajan ki disponib pou reyalizasyon aktivite sa a ki kapab ogmante progresivman suivan dewoulman pwogram lan sou teren an se sa bèt seren an di Konsènan kantite lajan ki rezève pou moun ki ta bay enfòmasyon sou kachèt zam yo kolonè la fè konnen Montan rekompans lan pral depann de volim kachèt zam ke nou jwenn lan kondisyon zam yo paske nou pa vle moun ap ban nou enfòmasyon sou zam ki pa fonksyone ki ansyen e ki pa vrèman sa n ap chèche yo Men kolonèl la pa bezwen vrèman rekipere tout zam nèf ke CIA te distribiye bay rebèl yo depi an Repiblik Dominikèn pou te vin kreye sitiayson ki mennen kidnapin prezidan konstitisyonèl la devan enkapasite Gwooup 184 Apaid la ak pati politik reyaksonè yo pou te mobilize pèp la Anfèt fòs miltinasyonal la prezan pou kraze mouvman popilè a Dayè dapre tout enfòmasyon rebèl yo te genyen a dispozisyon yo anpil anpil zam otomatik diferan kalib Pou montre ke y ap mennen yon travay pou dezameman tout bon vre militè etranje mennen yon kanpay represif sistematik sou tout moun pafwa menm sipòte yo Konsa mèkredi 21 avril la yo antre nan poliklinik ri Monseyè Giyou kote yo swadizan jwenn enfòmasyon sou kachèt zam Yo kraze brize e yo mete deyò tout pasyan epi vòlè 15 mil dola ameriken Daprè sa doktè Manoir J Pierre fè konnen M pa gen kanè bank lè m al fouye mwen wè m pèdi 15 mil dola meriken Donk m pa konnen si li monte oubyen si li desann Non sèlman fòk yo remèt mwen 15 mil dola m e fòk yo dedomaje m pou sa yo fè a Menm 21 avril la yo antre an fòs nan lokal Antèn ouvriye ki an menm tan lokal Tèt kole ti peyizan ki sitiye nan ri Montalè yo pote ale 30 mil goud Li te bò 2 zè 30 nan apremidi lè n te la a nou 5 mwenmenm avèk 4 lòt zanmi nou t ap pale Se apèn mwen pral deplase epi m tandé pòt louvri Yon seri nèg bondi avèk gwo zam nan men yo te gen 9mm paske te genyen 9mm ki te pwente prèske bò figi m Se te sòlda merin meriken yo te ye akonpanye de yon entèprtèt ki rele Baron Clifford Lè yo parèt yo fè m kanpe epi tou yo di nou bay paspò nou mande ki paspò Nou di la se yon fondasyon k ap travay avèk ouvriye Yo mande ki kote nou jwenn kòb Nou di pa gen kòb senpleman nou konn jwenn dè apui dè zòganizasyon ki bann kòb pou n fè sa n ap fè a Epi aprè sa yo di y ap kraze 1 Efektivman yo kraze 1 yo fouye tout dokiman te gen 2 anvlòp ki te gen kòb nou fè yo konte 1 li te kontabilize ape prè 33950 goud yo pran tout kòb sa a yo ale avè 1 te deklare Réginald Jules ki se yonn nan responsab Antèn ouvriye San konte lòt zak abitrè ke militè fòs okipasyon an la komèt sou popilasyon an pandan yo makiye kanpay dezameman tankou se yon bagay serye Kolaboratè yo nan pwogram sa a ki vle di espyon delatè ap

genyen gwo dispozitif sekirite ki pran pou pwoteje yo Daprè kolonèl Enfòmasyon ak idantifikasiyon ke nou bezwen an ap rete trè sekrè l ap rete nan dosye pa nou nou pap lage l bay nenpòt moun ann Ayiti Pou ki rezon tout vireron sa yo pou sou pretèks dezameman Paske menm jan an 94 fòs okipasyon an te konnen trè klèman ke se ansyen militè fòs lame Dayiti yo ki te posede gwo zam fann fwa e ki te sèvi avèk yo pou te kraze zo pèp la sou lòd CIA ak Pentagone pandan 3 lane koudeta 91 lan pou pèp la te rete nan wòl li Jounen jodi a yon lòt fwa ankò fòs okipasyon an pa bezwen voye poud nan zye pèp la ak lemond antye Tout pèp ayisyen an konnen deja kriminèl ki posede gwo kachèt zam lagè ak materyèl militè tout kalite yo se nan men twoup ke Guy Philippe Jean Tatoune Jodel Chamblain Joseph Jean-Baptiste Kòmandan Ravix ap dirije ak tout makout k ap fè lalwa nan diferan depatman peyi a Tankou Latibonit Plato Santral Nò kote kriminèl yo menm fè manifestasyon ak gwo zam nan men yo gran jounen anba je fòs okipan yo Okontré yo menm kolabore avèk yo pou swadizan bay sekirite Epi fòs miltinasyonal la pa bezwen anboche lòt moun pami yo paske sètèn òganizasyon dwa moun avèk medya Gwoup 184 yo kidonk ANMH deja ap fè travay siveye rapòte a nan idantifye kote ki genyen militan senpatizan Lavalas ki nan kache ak anplwaye leta ki dwe revoke Nan sans sa a popilasyon konstate nivo ipokrizi fòs okipasyon an lè li deklanche kanpay dezameman pandan gwoup kriminèl ame ki se manm Fwon rezistans Gonayiv la deside jounen samdi 24 avril la fè tantativ avèk zam nan men pou pran kontwòl komisarya Gonayiv la kote yon polisye blese yo vòlè machin ke polisye yo te sezi nan men manm fwon an libere prizonye epi pote ale menm rejis komisarya Gonayiv la Alòske twoup okipasyon an non sèlman preznan nan depatman Latibonit la prensipalman Gonayiv men li idantifye tout asayan ak gwo zam Plato Santral ansyen militè òganize parad lè yo vle san pwoblèm Donk kanpay sa a antre nan kad klima represyon an ke yo vle tabli anndan peyi a pou anpeche tout konbatan goumen kont okipasyon ak tout vye gouvènman defakto a k ap mare konplo pou likide tout antrepriz leta yo bay miltinasyonal yo Se sa k fè diferan gwo potanta nan kongrè Etazini ak Lafrans ap fè vire tounen nan peyi a Donk sa pa gen anyen pou wè ak yon dezameman efektif gwoup ame yo pliske yo konnen se konplis yo k ap fè e defè nan peyi a Vol 22 #6 Majistra Médard ta renmen kenbe djòb li Anviwon yon mwa edmi aprè blan meriken ak Lafrans te fin kidnape prezidan konstitusyonèl Jean-Bertrand Aristide ki nan Jamayik konyè a anplwaye vwari meri Pòtoprens yo jou 12 avril la òganize yon mouvman nan lakou meri a pou mande otorite de faktò yo panche sou pwoblèm yo epi peye lajan plizyè mwa travay yo yo dwe yo Chèf sèvis vwari a Jean Ulrick Ulysse fè konnen ke gen anpil anplwaye k ap viv nan lari akoz yo pa ka peye yon kote pou yo dòmi 9 mwa se twòp fòk nou touche lajan nou... Lekòl ap voye timoun nou tounen moun yo dwe kòb kay yo pran ponya yo dwe moun... Bò plas la pase w ap wè moun vwari ap kouche dòmi nou mande otorite an plas yo pou yo ta degaje yo rapid pou yo ta fè yon jan pou panse ak kad sèvis vwari lameri Pòtoprens lan Nan menm sans lan sipèvizè vwari a Arthur Paul di ke li konstate ke se tout sèvis nan meri a ki paralize akoz anplwaye yo pokò kapab touche Kwak yo dwe nou 9 mwa nou gen volonte n ap travay toujou men nou pa konnen si sa k ap fèt paske m konnen premye kote ki pou ta konsène se ta va meri Pòtoprens pou yo ta peye paske nou menm vwari a se nou menm ki pi demini k ap travay nan lari a Antouka pwoblèm anplwaye vwari meri Pòtoprens ki pa ka touche gentan genyen gwo konsekans lè yon moun te ka konstate aprè lapli nan lannwit dimanch 11 avril la kote nan divès kwen zòn metropolitèn nan se gwo pil fatra ki sanble Nan menm mouvman leve kanpe a divès enspekte melanje ak kèk anplwaye meri a te

denonse majistra prensipal Pòtoprens lan Yves Médard yo di k ap fè koripsyon nan administrasyon kominal lan Daprè anplwaye yo Yves Médard ap itilize meri a pou okipe 1 de aktivite pèsonèl li Yonn nan anplwaye yo Augustin Frantz kritike kòman ke meri Pòtoprens ki se yon enstitisyon sosyal e sou plan sosyal li pa janm fè anyen an tèm sèvis pou popilasyon an ki tounen jounen jodi a daprè Augustin yon meri pewòl k ap ranmase kòb epi peye moun pa yo pandan anplwaye k ap travay depi 9 mwa pa ka touche epi nan azil kominal prèske chak semèn plis pase 2 nan granmoun yo mouri akoz yo pa jwenn manje Mete sou sa anplwaye yo tout yon seri sèvis ke meri a konn bay e ki rapòte l anpil lajan tankou sèvis desè ki ta rapòte meri a 699 mill 500 goud regularizasyon kavo yo pran yon taks 1500 goud pou chak epi pou mete 1 ajou yo pran 120 dola sou li ankò sèvis ibanis ak achitekti prèske 125 mil goud chak mwa sèvis afichaj 200 mil goud pou sèvis pakin yon taks 50 mil goud chak mwa pou sèvis espas kominal yo 60 mil goud e pou 12 mache kominal yo sa rapòte meri Pòtoprens yon afè 300 mil goud chak mwa dapre Augustin Frantz Nou di apati taks dirèk sa yo meri a rantre yon bagay apeprè 2 milyon goud chak mwa kòm taks dirèk sèlman ki rantre andedan meri a Frantz kontinye pou di li sezi tande ke majistra Yves Médard aprè tout sa 1 fin fè andedan administrasyon kominal la gen kouraj pou monte sou radyo epi mande pou gouvènman defakto a dekese fon pou li konsa anplwaye a mande pou gouvènman Latortue a pou bloke kont lan jiska nouvèl òd epi mete entèdiksyon depa pou majistra Rassoul jiskaske lajistis kapab di mo pa l... Donk se koripsyon vòl k ap fêt nan meri a ki fè ke anplwaye yo pa ka touche Pandanstan prezidan komisyon kominal Pòtoprens lan Yves Médard nan yon konferans pou laprès jou mèkredi 9 avril la te prezante yon bilan pozitif sou travay konsèy kominal la ta reyalize kote l ta déjà mete sou kote divès anplwaye ki selon limenm ta gen enplikasyon yo nan dezòd Majistra Médard demanti akizasyon koripsyon anplwaye mete sou li e li estime ke se yon mannèv k ap fêt pou fè li pèdi djòb li paske li te renvoye mesye sa yo pou koripsyon L ap travay konyè a sou revokasyon yon seri anplwaye ki pa janm prezante depi kèk jou Poze 1 kesyon sou yon seri kòb tankou enpo lokatif kòb antèman Yves Médard fè konprann ke li prè pou rele otè akizasyon sa yo devan lajistis paske daprè li yon moun pa kapab rete konsa pou akize yon moun nenpòt kijan Konsa tou premye majistra komin nan fè konnen ke l pa gen okenn pwoblèm si tout fwa nouvo gouvènman an ta deside kontinye kenbe l nan pòs li si otorite yo nonmen yon lòt konsèy pou ranplase li prè pou kite administrasyon sa a Vol 22 #5 Dirijan opòtinis Lavalas bliye ni Aristide ni baz yo Fanmi Lavalas bay yon konferans pou laprès nan lotèl Le Plaza madi 13 avril 2004 la pou tabli sou diferan kesyon k ap fè aktyalite Patikilyèman nan zafè eleksyon fo mamit ke gouvènman defakto Alexandre/Latortue a vle kroke nan gojèt pèp la an konplisite avèk fòs lokipasyon yo Senatè Yvon Feuillé ki te louvri konferans lan te remèsyé gwoup anndan kou deyò peyi a ki pote solidarite bay pèp ayisyen an nan jenosid planifye machin represyon okipan yo enstaure nan peyi a pou pèsekite ak entimide tout militan pati a atravè peyi a depi aprè depa fòse prezidan Aristide Feuillé mande pou òganizasyon dwa moun kontinye foure je gade koman otorite defakto yo ap kontinye vyole dwa moun nan asasina politik e rive pèsekite yon seri senatè ki an fonksyon Ansyen depite Gilbert Angervil te prezante bay laprès plizyè ka vyolasyon dwa ke manb pati an ak tout popilasyon an ap sibi nan yon seri zòn tankou Sen Mak kote yon manb Ramikos boule tou vivan Patrick Fleury ak Dieuliphète Fleury ki se 2 frè André Toussaint mouri dekapite daprè Angervil ki kontinye di manb Ramikos menm mete dife nan kay ansyen depite Amanus Mayette ak Freno Cajuste ansyen komisè gouvènman vil

la Avèk arestasyon move trètman ransonnan vyòl elatriye ki blayi nan zò Sen Michel de Latalay yon kòmando ki gen nan tèt li Dieujuste Jeune ap fè popilasyon an monte maswife pandan l jwenn gwo pwoteksyon nan menm Endel Volma ki se yon ansyen chèf militè nan zòn nan Depite a te kontinye pou l di ke nan Pòtoprens li resanse nan plizyè katye populè tankou Bèlè Fò Twouwon Fò Nasyonal genyen 40 moun ki deja fè vwèl pou peyi san chapo anba okipasyon militè meriken yo Se rezon sa yo ak anpil lòt ki montre ke Fanmi Lavalas pa kapab deziye reprezantan l anndan Konsèy elektoral pwovizwa a daprè depite Angervil Malgre tout bagay sa yo pati a te fòme yon delegasyon ki t al rankontre prezidan defakto a nan palè nasyonal pou t al swadizan ranfòse pozisyon yo parapò pwochèn eleksyon yo Delegasyon sa a kite dirije pa ansyen depite Yves Christalin te mete devan defakto yo plizyè pwen ki montre dezakò yo nan moman sa a toutotan pa genyen yon seri kondisyon ki mete pèp la an konfyans Ansyen depite Christalin mande prezidan defakto a pran dispozisyon pou redeplwaye fòs polis la nan tout komisarya ki nan 9 depatman peyi a Dezame tout vagabon kelkeswa sektè li ye a Asire lib sikilasyon tout manb Fanmi Lavalas nan tout peyi a Leve entèdiksyon depa tout manb Fanmi Lavalas ki se yon mezi ilegal Anpil manm òganizasyon populè pa rive konprann sa k ap pase nan mitan pati Fanmi Lavalas apre yo finn kidnape prezidan Aristide epi Fwon Nò ap chase yo touye yo toupatou Li klè pozisyon dirijan sa yo pa gen anyen pou wè avèk kondisyon depa chèf pati a prezidan Jean Bertrand Aristide avèk okipasyon peyi a pa militè meriken yo k ap simaye dèy nan katye populè yo Pandanstan kabinè avoka etranje k ap defann prezidan konstitisyonèl la site non plizyè gwo chabrak nan kèk anbasad nan Pòtoprens ki te jwe yon wòl majè ki te antoure move zak kite komèt nan lannwit 28-29 fevriye pase a Jounen jodi a sektè ki reklame de dirijan pati a pa di yon mo sou akonpayman oubyen sipò moral ke yo ta dwe bay sèten kanmarad ki andifikilte yo Patisipasyon sektè boujwa Lavalas la nan komisyon tripatit la atravè Lesly Voltaire te deja montre zak trahison sa a ta prale pi lwen Se sa k fè pwoblèm okipasyon pa enterese yo Nan sans sa a pèp la dwe rete vijilan pou veye tout raketè politik ki sòti pou fè l aksepte okipasyon an Epi pase anba pye revandikasyon l yo Jounen jodi a nou wè dirijan opòtinis ki nan tèt pati a pa pale koze kidnaping prezidan Aristide ni represyon sou mas populè yo ak militan Lavalas Sa k enterese yo sanble se eleksyon anba bòt okipan yo Vol 22 #3 Nouvèl Kout Kreyòl Kisa delegasyon sa a vle konnen Yon delegasyon konpoze ak 3 moun rive nan peyi a nan lendi 22 mas la Gen ladan li yon journalis chèn televizyon CNN Robert Novak (Gwo reyaksyonè) e yon avoka meriken Robert Mackenles e yo te rankontre prezidan pwovizwa defakto a Boniface Alexandre Se lidè MDN nan Hubert Deronceray ki te resevwa yo nan otèl Vila Kreyòl nan Petyonvil e ki eksplike ke objektif vizit yo a se vin swiv kòman pwosesis tranzisyon pouvwa politik la ap mache nan peyi Dayiti Minis Finans lan jele tout kont kouran Nouvo minis Finans lan Henry Bazin jele jou 23 mas la tout kont kouran Leta ayisyen epi anile tout chèk ke gouvènè bank nasyonal la Venel Joseph te bay nan 19 mas 2004 Li mande tou pou Venèl Joseph anile dwa siyati tout moun sou kont kouran Bank Santral sikisal *BRH* oubyen lòt òganis endependan yo Daprès nouvo minis Finans lan Henry Bazin Gouvènè bank santral la dwe enfòme sistèm finansye yo epi annatandan yo fè transmisyon lòt espesimenn siyati nouvo òdonatè tout chèk kont kouran Enstalasyon minis Agrikilti Premye minis defakto a Gérard Latortue enstale jou madi 23 mas 2004 la agwonòm Philippe Mathieu kòm nouvo minis Agrikilti resous natirèl ak devlopman riral Gérard Latortue mande bourad kominote entènasyonal la pou pèmèt gouvènman defakto a fè fas ak sitiyasyon difisil ki la Kiba pap koupe

zanmitay ak pèp ayisyen Kiba ap tann siyal nouvo gouvènman Gérard Latortue a pou kontinye koperasyon ayisyano-kiben Anbasadè Kiba ann Ayiti a Rolando Gomez Gonzalez endike jou mèkredi 24 mas la ke peyi li pap janm gen entansyon pou 1 fè enjerans nan zafè politik peyi Dayiti lò li vle chwazi moun ki pou dirije li Gérard Latortue ap mande padon devan Karikòm Nan yon nòt pou laprès lendi 22 mas pase a Premye minis defakto a Gérard Latortue deklare ke swit ak dènye diskisyon yo ke m (li) te fè avèk sekretè jeneral Karikòm nan Edwin Carrington nou te klarifye malantandi ke n te genyen dènye tan sa yo avèk Karikòm ...N ap raple ke sa te rive tou swit aprè ke Premye minis defakto a te pran desizyon pou 1 te kanpe sou relasyon Ayiti avèk Jamayik e Karikòm Dirijan Karikòm yo pa aksepte e yo pat aksepte li vini nan reyinyon yo ki te fèt St Kitts la paske yo di li se pou li rekize frekansite sa li t ap fè a san li pa gen kouraj pou li kanpe debou Prezidan Aristide pa enterese ale Nijerya Nan yon kominike ke pòtpawòl prezidan Obasandjo nan Nijerya piblye 22 mas la li fè konnen ke Nijerya dakò pou bay prezidan ayisyen an Jean-Bertrand Aristide azil politik Men daprè yon pwòch prezidan Aristide li pa t twò enterese ak òf sa a e se ta Afrikdisid ki va resevwa li apre eleksyon nan mwa pwochen nan peyi sa a Fòn sinyale tou ke wa Alada yo nan peyi Benen an te di tou li pre pou resevwa lakay li prezidan Aristide ke 1 konsidere tankou frè Tousen Louvèti ki rasin li te sòti nan Benin Biwo Leta toujou bloke Yon semèn aprè enstalasyon gouvènman defakto a aktivite yo toujou poko redemare nan administrasyon Leta yo malgre yo te prevwa reouvèti yo pou lendi 22 mas pase a Tout anplwaye yo tankou nan *TELEKO* ak nan *DGI* prezan men anyen poko fèt pa bò kote otorite defakto yo pou pèmèt ke aktivite yo reprann kòmsadwa Sitou nan kestyon pwoblèm blakawout la nan kapital la kote depi aprè depa fòse prezidan Aristide moun pa janm wè kouran NCHR ap defann defakto yo Nan kad operasyon otorite defakto yo lanse kont militan ak patizan Lavalas yo jou lendi 22 mas polis nasyonal la arete Yvon Antoine alyas Yvon Zap Zap ki daprè defakto yo ta enplike nan dezòd ki te fèt nan fakilte Syans Zimèn jou 5 desanm 2003 a Dapre Yolaine Gilles nan Kowalisyon nasyonal pou dwa ayisyen (*NCHR*) dwa misye pat vyole Se dwòl Yolaine Gilles kouri vini bay asirans sa yo Vol 22 #2 Sòlda meriken tire moun yo pito Dimanch ki te 21 mas 2004 la moun Lasalin leve jwenn 5 jenn gason mouri anba bal ak bra yo mare dèyè do yo epi sache plastik nwa nan tèt yo Yon jenn gason nan zòn nan Ernseau Bolivar fè konnen se Lapolis ki touye 5 jenn gason yo Bolivar di yo vin pran ti mesye yo epi yo ale avèk yo Antouka ou mèt sèten koze sa a pap fè bri paske se moun Lasalin donk se chimè Nap tann sa minis Gousse ap di Antouka bò kote pa yo militè meriken pap dòmi nan fè zak kraze zo Samdi swa yo ouvè anba bal yon machin ak 2 moun ladann sou Pont Morin nan kapital la Men fwa sa a se pa chimè se 2 manm Platfòm opozisyon an Yonn nan yo se Marcel Lucmane ki se manm Mouvman pou Rekonstriksyon Nasyonal (*MRN*) Lòt la rele Louis Rene Balmir yon óm dafè ki pran 7 bal Solda merin meriken yo di ke se rete misye pa rete machin li lè yo ba li lód stope Oa chans yo pa mouri e yap pran swen lopital N ap fè sonje minis jistis Gousse te avoka M Balmir nan koumansman mwa janveye a paske misye te jwenn arrestasyon 1 ak 2 lòt kanmarad li nan zòn Bwa Vèna 1e janveye 2004 la nan men *CIMO* Lapolis epòk sa a te di yo te jwenn zam sou yonn nan yo Yo te jwenn liberasyon yo apre kèk tan Jodi a èske mèt Gousse an mezi fè ansyen kliyan li a jwenn jistis se pa sèten jounen jodi a lane 2004 peyi Dayiti anba bòt lame meriken ak franse se yo ki fè e defè Lè fini okipan yo genlè pa rekonèt ni chimè ni bon moun Antouka dapre ajans près (*AP*) merin meriken jwenn yon pistolè ak 3 chajè nan machin mesye yo E Majò Richard Crusan di ke nou pa konnen si

merin yo tire paske machin nan pa rete pou fouy la osnon si moun nan machin nan tire sou yo Men d'apre Balmir youn nan viktim yo li gen pèmi pou zam li ki te nan etui li lè blan yo tire li Men li mèt di sa li vle se okipasyon blan yo ap fè sa yo vle an tout enpinite Dwa de lóm se épòk gouvènman prezidan Aristide moun te gen dwa reklame sa Vol 22 #1 Ann rekare batay la pou yon lòt 1804 Trèz jou aprè yon eskòt militè blan meriken te kidnape prezidan konstitisyonèl ayisyen an Jean-Bertrand Aristide nan Pòtoprens jou dimanch 29 fevrye 2004 la fose chèf leta a ekri lèt demisyon li anba gwo presyon ak akizasyon krim entènasyonal la fabrike kont li epi pimpe li nan vil Banggi peyi Sant Afrik kote kidnapè entènasyonal yo koupe tout mwayen komunikasyon prezidan Aristid ta dwe pran pou konimike ak rès lemond lan Koudeta kidnaping entènasyonal sa a sanble tèt koupe ak aksyon kolon franse yo lè yo te fè dappiyant sou prekisè endepandans ayisyen an Toussaint Louverture ke yo te al jete 1 nan kacho Fò de jou nan móñ Jura nan peyi Lafrans Se te yon manyè pou te kab bay jarèt ak endistri lesklavaj la nan Sen Domeng kidonk lil Dayiti Ebyen Pati Popilè Nasional (*PPN*) fikse pozisyon 1 klè kou dlo kòk jou vandredi 12 mas la sou divès kalite zak vyolans k ap fèt tribòbabò nan kapital la ak rès vil pwovens peyi Dayiti Nan yon konferans pou laprès *PPN* bay plizyè journalis nan pòtoprens yonn nan manb biwo politik *PPN* Georges H Honorat denonse divès plan makab aprè debakman fòs entèvansyon militè meriken ak Lafrans Represyon okipan yo sètadi Etazini ak Lafrans ap fè nan Pòtoprens ak rès zòn yo *PPN* site plizyè zak kriminèl militè meriken komèt nan Dèlma 67 kote yo krible ak bal yon kay ki te gen plizyè jèn gason ak jèn fi *PPN* denonse ankò masak bra ame opozisyon an ap fè toupatou nan peyi a sitou nan Okap ayisyen kote popilasyon Okap la dekouvri yon konntenè ki chaje moun mouri Epi nan katye popilè yo empérialis meriken ak kolon franse yo ap monte yon plan makab pou fè pwovokasyon pou kab fè yon masak Se konsa nan vandredi 12 mas la fòs okipasyon yo touye pase 6 militan sou Bèlè Dimanch 14 la plis pase 14 militan OP pèdi lavi yo Taktik okipan yo se voye yon fize anlè ki klere zòn nan defason pou yo ka wè kijan y ap touye moun Manb biwo politik *PPN* nan denonse tou alyans Platfòm Demokratik makouto-boujwa a ak sektè boujwa Lavalas la atravè Leslie Voltaire k ap kolabore ak fòs okipasyon an Etazini ak Lafrans Kidonk sektè boujwa Lavalas la ap kore koudeta kidnaping kont gouvènman konstitisyonèl ayisyen an Sa se yon trayizon kont mas pèp ayisyen an *PPN* fè konnen dezòd sa yo kontinye ap bay gwo kè sote pou avni demokrasi a nan peyi dAyiti aprè ke pèp ayisyen an fin selebre 200 lane endepandans nasyonal la 1er janvye 2004 la Nan sans sa a manb biwo politik *PPN* nan Georges H Honorat mande pèp mobilize e òganize yo pi plis toujou pou bay rezistans popilè a jarèt pou rekare batay la pou yon lòt 1804 *PPN* lonje dwèt li sou ti lelit konze ki Gwoup 184 la ak Konvèjans lan ki fòme Platfòm swadizan Demokratik la ki te toujou ap di nan radyo ke y ap apiye tout fòm entèvansyon ki vize pou ranvèse otorite konstitisyonèl yo sou pouvwa a patikilyèman prezidan Jean-Bertrand Aristide Boujwazi a mande patwon 1 tanpri souple vin okipe peyi a pou vin mete mas pèp la nan plas li Paske mas pèp la pa dwe chwazi moun ki nan lide 1 ki pou dirije peyi a *PPN* denonse tou manti dezenfòmasyon k ap bay sou koze demisyon prezidan Aristide la Kontrèman ak pawòl k ap di pou fè moun dòmi kèk konze nan platfòm makouto-boujwa a ap repete apre patwon yo Georges W Bush kòmkwa prezidan Aristide bay demisyon 1 Enben *PPN* demanti manti sila a Nou tande pratikman tout moun platfòm nan ap repete aprè patwon yo kon jako repèt ke prezidan Aristide bay demisyon 1 Noumenm nan *PPN* n ap di se pi gwo manti yo ka fè e yo pap ka blofe pèsonn Donk se yon lòt entèvansyon meriken fè ankò

sou peyi dayiti menm jan ak 1915 Responsab *PPN* nan kalifye entèvansyon militè Etazini ak Lafrans fè sou bout tè Dessalines nan kòm yon konplo ki te byen planifye depi kèk tan Paske yo te konnen ke opozisyon sa a ak bra ame li a pa t ap kapab jete rejim nan Se atravè dezòd yo fè mesye yo fè nan kèk vil nan peyi a pou kreye kawo sitiyasyon anachik yo pran pretèks pou vin fè kidnaping 29 fevrye 2004 la Dayè se tèlman se yon dappiyant ke yo mennen prezidan Aristide jouk nan Sant Afrik kote se gras ak yon telefòn pòtab li te rive denonse sa ki te pase a Manb *PPN* nan fè konnen te gen yon delegasyon ki te sòti Etazini pou te al wè prezidan Aristide kidnapè yo te entèdi delegasyon an pran kontak ak li Finalman yon manb delegasyon an ki te gen nimewo pòtab la rele e se madanm prezidan ki reponn Apèn yo di yon fraz komunikasyon an koupe donk si se pa yon kidnaping ya di sa 1 ye Pou noumenm nan *PPN* se yon koudeta kidnaping yon chèf deta ki pa figire ditou nan konstitisyon peyi a Se sa k fè prezidan Aristide fè konnen 1 ap goumen pou 1 tounen fini manda konstitisyonèl li Antouka se boujwazi a ki mande entèvansyon an menm jan ak peryòd okipasyon meriken an 1915 Se sa k fè Georges Honorat fè politisyen rat do kale sa yo sonje kòman ansyen diplomat nò ameriken an Brian Dean Curran te journe yo dilè dwòg epi kontrebandye epi se bravo yo te bat pou sa kote anbasadè Curran te di Politisyen sa yo pa vo anyen se lòt kad ki sòti nan inivèsite Etazini ki pou vin dirije peyi dayiti Menm jan alepòk lokipasyon yo te ba yo Elie Lescot kite sot Wachintonn Etazini yo detere nan Miami Gerard Latortue yon lòt konze pou vin 1e minis ak yon prezidan popetwèl Boniface Alexandre yon fason pou plan neyoliberal kidonk privatizasyon tout rès antrepriz publik yo ke ansyen 1e minis OPL Rosny Smath te kòmanse avèk vant Siman dAyiti ak Minotri Dirijan Pati Popilè Nasyonal la denonse tou sektè boujwa Lavalas la atravè Leslie Voltaire ki trayi mas pèp la k ap kolabore ak okipan enperyalis yo aprè depa fòse prezidan Aristide la Antouka atravè tout zak vyolans sa yo ke fòs entèvansyonis yo ap kontinye fè toupatou nan peyi a anpil obsèvatè ap poze tèt yo kesyon pou mande pouki sa Òganizasyon ki di y ap milite nan domèn dwa moun tankou *NCHR POHDH* Konferans episkopal Jistis e Pè elatriye pa denonse plizyè zak kriminèl militè meriken ak Lafrans ap komèt nan peyi a Epitou poukisa près ki bay tèt yo non près endepandan an pa denonse zak briganday kriminèl sa yo Si yo te gen kouraj pou te denigre gouvènman Lavalas la yo di ki t ap vyole dwa moun nan peyi a E kounye poukisa yo pa kontinye fè sa Sa montre klèman ke pa gen okenn afè près endepandan se travay y ap travay pou konze nan Platfòm nan ki yomenm se restavèk Washington ak Paris Se pou tout bagay sa yo *PPN* te konkli konferans près la pou 1 di Ann rekare batay la pou yon lòt 1804 1 Vol 21 #52 8 mas Jounen Entènasyonal Fanm Nan okazyon jounen espesyal pou tout fam sou latè sitou fanm k ap goumen pou lavimiyó pou lavi chanje katye Nou pap blyi tout fanm ki tonbe nan goumen pou peyi sa a ak tout fanm k ap kontinye lite kont lènmi pèp Ayisyen an Fanm nan peyi Dayiti pa kab blyi tray li konn pase nan koudeta koudeta Namphy pou mete Manigat koudeta Jean Claude Paul pou voye Namphy bwachat koudeta Namphy pou voye Manigat nan fatra ak kèk bon pataswèl Koudeta Pwospè Avril ak swadizan ti solda pou fini nètalkole ak Namphy koudeta Rebu Qwalo ak Biambi koudeta Lafontan pase lan koudeta Sedras ak Michel Franswa jouk nou rive jounen jodia nan koudeta Kominote Entènasyonal Koudeta sa a pi grav nèt paske se chèf koudeta yo menm ki antre setfwasi vin bay li Panzou sa a Lafrans Etazini Kanada ak Loni bay pèp Ayisyen an se dènye kou pou touye koukou Si gen moun ki pou di n sa koudeta ye se fanm yo paske se yo ki konn doulè pitit yo pèdi mari ak frè yo pa janm wè anko san blyi vyolans kadejak yo konn fè sou yo Ki fanm ki blyi Toto Konstan ak Jodel

Chanblen deja Nan okazyon jounen koudeta sa a an nou reflechi sou ti powèm sa a Jean Bertrand Aristide te ekri Vol 21 #51 200 lane apre Fransè yo retounen by Berthony Dupont Depi aprè revolisyon 1804 la kote lame endijèn lan te mete lame Napoleon Bonaparte la an dewout nan yon batay totalkapital nan Vètyè Lafrans pa janm sispann fè piwèt pou 1 te kab jwenn mwayen pou kolon yo tounen sou tè Desalin nan Se konsa nan lane 1806 yo fóse Peyi Etazini mete yon anbago sou peyi Dayiti Yo kreye yon bann deblozay lan peyi a jouk yo destabilize gouvènman Janjak Desalin lan Sa pa sifi pou yo nan konplisite ak konze Ayisyen yo yo rive touye Desalin nan Ponwouj Anfet pou repepe youn nan ajan teworis Lafrans te voye an Ayiti an 1804 ki te rele Ducoudrey Lafrans pa p janm fè bak sou rèv li genyen pou 1 tounen okipe tè sa a anko... Se pa san rezon depi Ayiti koumanse ap prepare pou yo selebre bisantnè endepandans peyi a tout plim leve sou do Lafrans kote Yves Gaudeul ki te anbasè Lafrans alepòk an Ayiti avèk anpil awogans nan yon dejene-deba ki t ap fèt nan lotèl Montana jou jedi 18 avril 2002 antre bouch li byen fon nan koze politik peyi a Gouvènman Lavalas la te sèlman konvoke Gaudeul nan yon rankont ki te fèt ant Neptune ak limenm nan primati a kote yo kondane sa anbasadè a te di yo epi tout bagay fini pa gen danje Nan okazyon 14 jiye 2002 jou fèt nasyonal Lafrans Gaudeul residive men pawòl ki te pi grav la se 16 septanm 2003 li te lage 1 tankou yon bonm nan peyi Dayiti Mwen santi bagay yo pral difisil m ap di nou tanpèt yo se pa sèlman nan peyi Etazini y ap fèt (se yon referans ak tanpèt Izabel ki t ap pase Ozetazini) yo kab rive isit tou yo pral pase isit tou... Poutan Gouvènman Ayisyen an pa janm pran sa oserye pou yo te kesyone Lafrans sou pawòl Yves Gaudeul yo paske pawòl yon anbasadè se pawòl leta peyi 1 Yo pa janm fè anyen ak sa ni voye yon pinga bay Lafrans Sepandan prezidan Aristid depi nan celebrasyon lanmó Tousen Louvèti mande Lafrans restitisyon ak reparasyon non selman pou lesklavaj yo te mete nou men pou katrevèn dis milyon fran yo te fè nou peye nan lane 1825 kòm yon dèt dèské nou te pran endepandans nou Tout bagay sa yo vin akselere konplo enperyalis yo franse ak meriken sitou pou destabilize nou fè koukouwouj sou nou nan laprès pou n pat menm selebre bisantnè endepandans lan Se lan kontèks sa a 29 fevriye ki sot pase a Lafrans Etazini Kanada ak konplisite Loni antre an Ayiti yo kidnape Aristide menmjan Leclerc ak Brunet te kidnape Tousen Louvèti an 1802 pou yo te vin retabli lesklavaj men fwa sa a se pou yo te kab ouvè pót peyi a pou yon lót okipasyon epi imilye nou mache sou diyite nou yon fason pou fè konprann 200 lane endepandans nou an pa vo anyen gade lan eta nou ye konsa Matinik Lagwadeloup ak Potoriko pap bezwen goumen ankó pou libète yo pou endepandans peyi yo Solda etranje mele ak franse sou tè Desalin lan epi ou jwenn gen Ayisyen ki kontan k ap bat bravo Militè ansyen kolon yo ap paweze nan ayewopó Ayiti nan tout lakou palè nasyonal Ayiti yo kanpe sou channmas bó estati fondatè nasyon an Janjak Desalin limenm ki te di Lafrans pa dwe janm okipe peyi sa a anko pito nou mouri pase pou nou viv sou dominasyon yo... epi ou jwenn gen Ayisyen ki kontan k ap selebre k ap swete lót bón fè Trajedi sa a k ap pase jounen jodi a nan peyi a li pa yon pwoblèm Aristid anfèt li depase kad Aristid la se yon fo kriz peyi enperyalis yo te kreye nan peyi a pou yo te kab mennen nou kafou imilyasyon sa a 200 lane aprè Lafrans retounen bradsoubradsa ak Etazini malgre divèjans yo genyen pou lwl Irakyen an men yo antann yo pou yo sal figi nou pase bisantnè endepandans nou an nan tenten Nan sans sa a tout patriyòt konsekan dwe leve kanpe pou goumen kont labou enperyalis yo vin pase nan figi pèp Ayisyen an sou pretèks yo vin delivre nou se menm pawòl sa yo Napoleon te di lè 1 te voye ekspedisyon Leclerc li a an 1802 Vini donc ranje coté Capitaine général Cé la Pè

li porté cé tout zafer é li vin rangé cé bonher tout monde li vlé Se menm pawól sa yo jounen jodi a Bush Powell Chirac ak De Villepin ap voye bay pèp Ayisyen an yon fason pou l pa goumen kont okipasyon an Yon fason pou l pa goumen kont lame Louis Jodel Chamblain ak Guy Philippe la Yon lame delenkan *FRAPH* sou kontwól CIA Washington batize *lame rebèl* Pitit Desalin yo noumenm ki gen san lanperè a nan venn nou noumenm ki pa janm vle vann diyite nou noumenm ki gen san Chalmayperal lan venn nou an nou leve kanpe pou n pa kite konze ayisyen yo ak Kominote Entènasyonal Teworis la mete do Ayiti atè premye peyi ki kaba lesklavaj sou latè premye peyi ki fè revolisyon sosyal ak antikolonyal premye peyi nèg endependan sou latè Vol 21 #50 Manif etidyan yo Yon kanaval pwovokasyon Se jou vandredi 20 fevriye 2004 la ke yon gwoup Etidyan nan Fakilte Syans Zimèn ak *INAGHEI* te òganize kèk aktivite kiltirèl e mizikal nan lakou fakilte Syans zimèn nan kad yon swadizan festivite kanaval etidyan yo pou lane 2004 la nan Pòtoprens Tèm yo te chwazi pou bagay yo a se Grenn nan boudanalaval abanaval yon fason pou kontinye fè plis pwovokasyon Se Dj Fanfan ki t ap kreye animasyon kote yo t ap chante epi di move pawòl piman bouk kont chèf leta a men ki montre atachman yo ak yon gwoup teworis nan Gonayiv k ap simen dèy nan popilasyon yo Pral gen kouri nou di pral gen kouri aba Aristide viv tizwit Grenn nan bouda se jile pa bal n ap pote boure Prizon pou Aristide li travay pou prizon li merite prizon Te gen divès ti pankat nan men Etidyan ak sipòtè sektè opozisyon an ki te vin kore anbyans kanaval komokyèl yo a Yo te anviwon kèk santèn konsa ki t ap pyafe mizikalman nan lakou Syans Zimèn nan Vè 1nè 55 aprè ke yo fin banbile kont kò yo anndan fakilte a gwoup Etidyan sa yo te deside pran lari pou manifeste aprè ke òganizatè manifestasyon yo te fin pran refi anba men lapolis ki te avèti yo davans ke polisyè yo déjà ap mobilize yo pou bay moun k ap vin yaya kò yo nan kanaval Bisantnè endependans nasyonal la sekirite k ap dire 5 jou Kidonk lapolis pap kab sekirize manifestasyon sila a Enben plizyè santèn Etidyan melanje ak sipòtè mach ilegal sila a te pakouri nan plizyè ri nan kapital la san konkou lapolis Daprè yo menm ki pat gen pakou fiks Yo te sòti nan Syans Zimèn avni Kristòf vire ri Kadè Jeremi Plas Jeremi desann nan Maglwa Anbwaz ri Kamo ri Nikola pase devan radyo Karayib riyèl Chavàn kote yo t ap di Radyo Karayib peyi a se pou ou kale bouda w jan w vle Men se sou chak ri yo franchi yo t ap joure moun ki pat deside pran pa nan mouvman yo a ki vize senpleman destabilize peyi a yon fason pou ti klik reyaksyonè yo ka pran pouvwa a ak fòs san ke yo pa pase nan eleksyon kredib ak demokratik Pandan ke y ap vanse pou pran direksyon plas Kanapevè a se la a bagay yo pral gate Kote yo t ap di gwo pawòl pwovokasyon Aristide se dilè dwòg si ou konnen ou pa dilè dwòg voye rele Ketan... ou ta renmen Aristide ale w ap negosye pakou kòman 1 ap fè ale pòt magazen ou ouvè kòman 1 ap fè ale epi manifestan yo t ap voye wòch nan tout direksyon kote timachann bizismann machin sitwayen pezib ki te gare sou Kanapevè a pat epaye anba kout wòch etidyan ajitatè yo Manm *OP* Lavalas yo riposte ak kout wòch ak Etidyan sa yo ki lakoz yon ventèn moun blese ak bal plon fizi 12 pami yo yon journalis radyo Ibo Claude Bellevue resevwa 2 plon nan do l men ki pa grav Daprè enfòmasyon yo ta sanble gen yon journalis etranje ki resevwa yon kout manchèt nan kou li men laprès pat gentan konstate sa Yon manifestasyon ki te kòmanse san lapolis e ki fini san lapolis ak anpil pwovokasyon Vol 21 #49 Ramikop ak Kisa di teworis se pwazon vyolan kont nasyon an *RAMIKOP* (Rasanbleman dè Militan Konsekan pou la Pè ak) *KISA* ki se (Konbit Inite pou Sove Ayiti) salye laprès an jeneral nan batay pou demokrasi y ap mennen pou avansman peyi Dayiti Yon lòt fwa ankò *RAMIKOP* ak *KISA* ap salye pèp ayisyen an ak

rezidan Titid pou kouraj ak detèminasyon yo genyen pou retire peyi a nan mizè rere zòt mete 1 jounen jodi a *RAMIKOP* ak *KISA* ap kontinye pou di eleksyon wi koudeta non Restitisyon ak Reparasyon wi anachi non vyolans ak kriminalite non N ap di teworis yo nou pat kwè sa pou yo yo medizan y ap fè kalomni y ap avili pèp ayisyen an nan di sak pa sa Se enstitisyon Leta a yo ke yo vle kraze *RAMIKOP* ak *KISA* ap mande èske se paske gen moun ki gen diyite nan je pèp ayisyen nan fason y ap defann peyi a Pèp ayisyen an pran nòt ipokrit ak chantaj swadizan reprezantan Bondye yo k ap sèvi ak mizè grangou tout yon popilasyon pou fè kapital politik yo Nou menm pèp ayisyen ann veye bann teworis ki antoure ki deside touye rèv ak lespwa nou Nou menm nan *RAMIKOP* ak *KISA* nou mande pou Leta ayisyen pran reskonsabilite 1 an men pou 1 frennen tout fòm teworis sa yo tankou 1 Teworis nan administrasyon Leta yo k ap fè konplo sou do gouvènman an ki rann gouvènman an paralyze 2 Teworis nan lekòl tankou Jozye Merilyen ak la pli pa fo direktè lekòl 3 Teworis nan inivèsite tankou Syans Zimèn ki sèvi yon sant dantrenman de teworis fo etidyan aysyen 4 Teworis politik tankou Guy Filip ki se pi gwo chèf teworis chak fwa li vini fè yon zak nan peyi a li kouri an Repiblik Dominikèn Nan sans sa a nou mande gouvènman an pou 1 kontwole antre teworis sa yo ki se yon pwazon vyolan kont la nasyon nan N ap mande Premye minis lan ministè de Lenteryè ministè de la Jistis Sekretèri Deta a la Sekirite Piblik Pou mete aksyon piblik an mouvman kont teworis nou pral site yo Prens Sonson Dani Tousen Andre Apèd Chal Bekè Evens Pòl (Kplim) pastè Luc Mezadye Ybert Deronsre *RAMIKOP* ak *KISA* ap reklame arestasyon Evens Sentilus ki ansanm ak Ybè Deronsre ki voye yon kamyon materyèl degè nan Gonayiv Men rès teworis ki nan Jakmèl yo Joël Jn Baptiste Gérald Marturien Maurice Jeudy ki se ansyen anplwaye Bèk Sidès Pandan ke n ap mande Evens Moransi ki se direktè lapolis Sidès la disip Dani Toussaint pou 1 resezil bò kote pèp la Pou n fini *RAMIKOP* ak *KISA* ap mande pèp ayisyen an pou n imite san rezèv zansèt nou yo si prezidan Aristid gen tèt fè mal Vol 21 #48 Yon gwo konplo pandye sou tèt peyi a Jedi ki te 5 fevriye 2004 teworis ame opozisyon yo pami yo Jean Tatoune yon bandi ki te sove nan prizon kote lite kondane nan masak Raboto ki te fèt pandan koudeta a e ansyen militè ki sot an Repiblik Dominikèn te atake komisarya Toussaint Louverture nan vil Gonayiv Se sa bra ame opozisyon an oubyen Platfòm demokratik la oubyen tou Gwoup 184 Apaid la bliye li pa fè Dapre kominike #1 Direksyon jeneral polis nasyonal la Jedi 5 fevriye 2004 endividé loudman ame ki fè pati yon asosiyasyon ki rele tèt yo Fwon Rezistans Raboto ak kèk lòt bandi ki sòti sou fwontyè a atake komisarya santral Gonayiv la avèk fizi daso ak grenad fragmantasyon Yo touye plizyè moun nan popilasyon sivil la e menm rive atenn kèk vanyan polisy... yo libere prizonye pami yo yon pakèt kriminèl ke lajistik kondane Yo piye yo boule machin boule kay sitwayen... ak ensandye komisarya Gonayiv la... Se bilan lapolis fè nan yon kominike ki date 7 fevriye 2004 la Men fò nou di ke teworis yo se pa dega sa yo sèlman yo fè dapre kèk radyo ki fè pati opozisyon k ap fè zak teworis jounen jodi a Ou gen radyo Metwopòl Vizyon 2000 Kiskeya Karayib elatriye ki ouvè antèn yo bay Winter Étienne youn nan chèf Teworis nan Gonayiv la pou preche lavyolans e pou 1 ka di dega yo fè tankou vante tèt li ke li boule yon lotèl ak kay prive ansyen majistra Stephen Topa Moïse nan Gonayiv Pandanstan direksyon lapolis la pran dispozisyon pou al mete lòd nan Gonayiv Se konsa jou maten 7 fevriye a prezidan Aristide ki t ap inogire yon plas nan site Solèy ak 3 plas nan Kafou Aeropò ak Delma fè konnen nan maten 7 fevriye ke polisyе rantre Raboto pou al mete lòd Dimanch ki te 8 fevriye a pòtpawòl polis la Bruce Myrtile ki te sou lèzond

radyo Solidarite ansanm ak Premye minis Yvon Neptune te fè konnen ... fòs espesyalize polis nasyonal la te debake samdi 7 fevriye 2004 la nan Gonayiv pou mete men sou kriminèl yo etan 1 ap remete lòd nan zòn lan Lè teworis yo aprann lapolis reprann kontwòl vil Gonayiv yo kouri atake komisarya a e sèvi ak moun nan popilasyon an kòm boukliye Pou anpeche yon beny san polisy yo te sispann operasyon an e yo te fè yon retrè... Dapre yon bilan pwovizwa gen yon mò nan kan lapolis la... ki fè pati swat team ki rele Douckens Guistinvil Genyen tou kèk blese nan kan lapolis la Malgre zak teworis sa yo polis nasyonal la toujou preznan depatman Latibonit lan espesyalman nan Gonayiv... Premye minis Yvon Neptune bò kote pa 1 fè konnen ke Se yon seri zak terè se yon seri zak ki pa cadre avèk demokrasi... Zak teworis pou simen latwoublay nan peyi pat rete la Teworis ki simaye nan 2 3 kote nan peyi a mete dife nan kèk komisarya fè kèk egzaksyon sou sitwayen pezib epi chape pou 1 yo Se konsa jou 7 fevriye a yon gwoup nan opozisyon an yo rele *RAMICOSM* rantre nan komisarya Senmak epi sakaje 1 Y ale nan dwàn vil la yo sakaje 1 tou e yo boule konntenè elatriye Menm zak briganday sa yo te fèt nan komisarya St Raphaël Grand-Goâve Twou di Nò e nan kay diferan responsab Lavalas Fò k nou di ke depi jou 5 fevriye 2004 la radyo gwoup 184 Apaid kreye yon veritab laperèz nan mitan popilasyon nan peyi a Pi presizeman se radyo Metwopòl Vizyon 2000 Karayib Kiskeya Ibo Se ouvètman teworis yo ap pale sou radyo sa yo pou fè konnen dezòd y ap fè e dezòd yo pral fè Pa egzamp gen yon korespondan radyo Ibo jou 8 fevriye a ki entèvyouve Winter Etienne sou antèn yon radyo lokal nan Sid peyi a Nan entèvansyon Etienne nan li fè konnen li tou pre vil Okay donk 1 ap rantre Sa w tandem a popilasyon Okay la vin tèt anba alòske vil la te trè kalm OP Lavalas yo antouka te mete barikad toupatou pou si se ta vre teworis yo ta vle vin fè dezòd nan vil la Lè w ap analize sitiyyasyon a ou ka wè ke opozisyon an gen 2 zam radyo nou sot site pi wo a epi zak teworis y ap fè pou destabilize peyi a mete latwoublay nan peyi a paske yo konnen yo se yon ti minorite zuit tankou prezidan Aristide di Donk kòm yo konnen y ap pèdi nan nenpòt ki elekson sè 1 rekou yo genyen se lavyolans pou pwovoke gè sivil epi pou patwon yo kidonk enperyalis meriken manninganse yon entèvansyon sou nenpòt ki fòm li ye a Antouka kisa ofisyèl gouvènman Lavalas la di sou kesyon radyo Gwoup 184 la Sekretè deta Kominikasyon an Mario Dupuy nan Madi la Près 10 fevriye a pandan li t ap prezante minis Enteryè Jocelerme Privert ak Sekretè deta Sekirite publik la Jean Gérard Dubreuil di ...dè journalis ki konpòte yo tankou atache près teworis yo ap fè dezenfòmasyon ap bay manti menm jan yo te fè sa 1e janvye ... nou pwofite lanse yon apèl a responsab medya yo paske si apre yo te fin fè gwo manti 1e janvye 2004 yo te pran sanksyon kont atache près mouvman teworis yo nan Gonayiv yo pa t ap gen okazyon pou yo te kontinye... Men fò Sekretè Deta wè ke anfèt se patwon medya yo menm ki alye yo ak teworis yo Si patwon medya yo pat bay journalis la dwa pou 1 dezenfòme kote li t ap pase pou 1 fè sa Nou kwè se kouri pou responsabilite Fò k gen mezi sevè dapre lalwa e gen lwa sa yo la ki pran kont radyo opozisyon an Pwen ba Sinon y ap kontinye destabilize peyi a epi lage nou nan yon katastwòf Epi apre sa yo menm ankò y ap lage chay sou do prezidan Aristide Di djab bonjou pa di 1 bonjou 1 ap manje w Donk sitiyyasyon sa a entolerab li pa ka kontinye onivo nasyonal fòk gen mezi sevè ki pran Onivo entènasyonal tou fòk gen yon diplomasi aktiv ki pou kontrekare manti gwo près entènasyonal la ap fè Pran ajans AFP AP Reuters elatriye se mesaj Winter Etienne k ap pase Près sa a fè pati destabilizasyon an pou tèni imaj peyi a ak gouvènman an lòt bò dlo Yo pa di anyen sou Lavalas moun ki te pran lari jou 7 fevriye a non sèlman Pòtoprens

men Jakmèl Okap Obòy elatriye Antouka fas a manti dezenfòmasyon k ap fèt kòmkwa gouvènman an pèdi kontwòl 1e minis Yvon Neptune t ale Senmak ak Grangwav lendi 9 fevriye 2004 la Donk gouvènman an gen kontwòl vil sa yo Gen lòt kote tankou Okay Okap elatriye pèp la kanpe pou okenn teworis pa vin simen dèy nan mitan yo E pou Gonayiv lapolis ap etidye diferan fason pou al kwape teworis yo de fason pou popilasyon an pa viktим Kanta pou peyi tankou Lafrans ak Lèzetzini tout moun konstate kote yo kanpe Lafrans ap suiv avèk enkyetid ki jan sitiyasyon an ap evolye Fò k vyolans lan sispannn kèlkilanswa kote yo sòti... Gouvènman franse a paka blye ke ansyen anbasadè 1 nan peyi a Yves Gaudeul te anonse yon tanpèt Misyon espesyal OEA a bò kote pa li ... fè apèl a gouvènman an pou 1 ranpli obligasyon li san pati pri epi pou 1 kenbe kont dwa tout sitwayen... Misyon an pa di yon mo sou zak teworis yo ki lye ak Gwoup 184 André Apaid la Sekretè jeneral *ONU* Kofi Annan anonse ke òganizasyon Nasyonzini pral pran pi plis angajman nan peyi Dayiti Sa sa vle di Kanta pou pòt pawòl Depatman Deta peyi Etazini li deklare Gen bann vyolan nan tou 2 kan yo (*Journal Le Monde* 10 fevriye 2004) epi ipokritman Boucher kontinye pou di Nou deplore ke moun mouri pandan atak sou Gonayiv Senmak e lòt vil Nou mande pou gouvènman ayisyen an respekte dwa espesyalman dwa zimen... Donk se gouvènman ayisyen an ki responsab Depatman Deta pa di anyen sou bra ame opozisyon makouto-boujwa a Jou 9 fevriye a Tele Ayiti montre plizyè timoun nan Raboto ke opozisyon an ame ak gwo zam *NCHR* anbasad franse meriken *OEA* elatriye pa di anyen sou sa Pou fini n ap fè remake yon lòt koze pi grav ankò se lè ajans Reuters 10 fevriye 2004 fè konnen san 1 pa site non yon ofisyèl wo ran nan depatman Deta Etazini di ke gen divès pwopozisyon pou rezoud kriz la ki an diskisyon ki ka menm enplike ke Aristide kite pouvwa a byen ke li pa di kilès ki fè pwopozisyon sa a...Donk li klè peyi a ak mas pèp la devan yon gwo konplo entènasyonal kote senkyèm kolòn yo ann Ayiti ki nan Platfòm swadizan demokratik la ap travay pou mennen peyi a nan yon katchouboumbe de fason pou patwon yo entèvni nan peyi a Vol 21 #47 Platfòm Apaid la ap reklame viktим Kominike Konsèy siperyè lapolis (*CSPN*) la te fè sòti 26 janvye a bay endikasyon pou ke kèlke swa sektè politik ki vle òganize manifestasyon se pou yo ale nan Plas Itali nan zòn Bisantnè pou evite derapaj Enben etidyan ki ap travay pou Gwoup 184 André Apaid yo vyole dispozisyon sa a lò yo te deside pran lari san akò lapolis nan mèkredi 28 janvye a nan Pòtoprens Konsa yo pwovoke deblozay nan ri Oswald Durand devan Fakilte Dwa ak konsila Etazini sa ki fè lapolis te oblige tire anlè voye gaz lakrimojèn pou dispèse dezòd la Daprè enfòmasyon yo gen yon dizèn moun blese ak yon jèn gason Lionel Victor 29 ane ki mouri nan lopital Kanapevè kote yo te transpòte li Sa ki pi rèd la se ke mesye Opozisyon yo kouri reklame ke se youn nan manm yo ke yo touye Etidyan lidè politik òganizasyon ki di y ap defann dwa moun tankou Eliphète Saint-Pierre Jean-Claude Bajeux pwofesè Aviol Fleurant t ap revandike viktим la kòm yon etidyan fakilte Dwa ak Medsin Aviol Fleurant te afime ke li te konn wè jenòm sa a nan Fakilte Dwa men li pa t konnen non li Sepandan yon dam ki rele Islande ki se madanm Lionel Victor deklare nan lopital la mari 1 pa t avèk etidyan yo e ke yo limenm ak Lionel yo gen 2 pitit yo abite nan Dèlma 2 blòk legliz Ame di Sali Daprè repòtè *AHP* a li te konstate ke se manm *OP* yo ki te pwoteje viktим lan retire li kote li te tonbe a e yon anbilans Kwa Wouj te vin parèt nan moman Lionel Victor t ap benyen nan san atè a Pandanstan sa a plizyè journalis Près reyaksyonè yo t ap fè tole tankou radyo Metwopòl pou fè Lionel Victor pase pou yon etidyan Kounye a nou wè yon etidyan ki resevwa yon grenad lakrimojèn ajan Cimo pou te evakye *OP* Lavalas yo

Etidyan an k ap benyen nan san l nan ri ki dèyè Fakilte a Oswald Durand Etidyan sa a ki gen yon gwo twou nan do li nou pa kapab gade sa Rootchild se grenad lakrimojèn nan ki fè twou sa a nan do Etidyan an se ajan Cimo yo k ap tire zam yo nan do Etidyan an... Men kouman radyo Metwopòl te gentan idantifye viktим lan kòm etidyan epi di ke se lapolis ki touye li E gen Reginald Romage ki te temwen nan lopital Kanapevè ki fè konnen e ki konfime ke viktим lan Lionel Victor se te yon militan *OP* Lavalas ki trè koni Sa k fè m ka di misye pa yon etidyan se yon pawòl ki sòti nan Lionel ak yon dam ki nan machin Kwa Wouj la Gen yon lòt eleman ki te avèk mwen li pral di sa lakay Lionel epi yo monte lopital Kanapevè ak li Pandan nou rive nan lopital la sèvis ijans lan pran misye Mwen menm mwen kouri rantre nan lopital la gen yon dam wouj cheve long men Lionel pa t ka pale... doktè a di wi se yon etidyan mwen di non se pa yon etidyan Epi dam nan fouye viktим nan li jwenn yon sèvyèt wouj ak yon kalandriye ki gen foto prezidan Aristide nan pòch misye... Mwen rele Romage Réginald mwen konnen Lionel Victor se pa yon etidyan mwen dispoze reponn kesyon lajistis mwen temwen mwen kab al montre dam lan sekouris Kwa Wouj la di li rekònèt misye li pa yon etidyan Yon lòt kote plizyè lòt vre etidyan ki pa nan mouvman opozisyon an akize responsab Platfòm 184 André Apaid la ki vle fè kapital politik li Prezidan Aristide te resevwa fanmi defen Lionel Victor nan palè nasyonal jou vandredi 30 janvye a e li te felisite kouraj Islande ki se madanm viktим lan ki pa t aksepte pwomès mèsenè politisyen yo te fè l la kòm kwa pou l ta aksepte fè mari 1 pase pou yon etidyan ki mouri nan manifestasyon etidyan yo yon fason pou yo ka fè lòbèy ak kadav Lionel Victor a e pou te ka di ke se gouvènman an ki touye youn nan yo Nou bay anpil senpati ak kouraj fratènèl ak fanmi Lionel Victor nou pataje doulè ak yo... Gouvènman an fè youn sèl kò pou ramase doulè Islande Islande ou gen kouraj piske ou te Kanapevè ou te kenbe diyite w pou mari ou pa mouri 2 fwa Pèmèt mwen felisite ou nan dèy la ou gen kouraj ou pa t kraponnen pou kite mari ou pase pou sa 1 pa ye Si mari ou te etidyan tout moun se moun nou t ap pataje menm doulè a nou t ap kondane sa k pase a menm jan san rezèv Mari ou se yon patizan Lavalas ki mouri pasifikman si li te etidyan yo te vle fè 1 pase pou etidyan nou di ou mèsi paske tout pèp ayisyen an tandem verite a nan bouch ou se konsa prezidan Aristide te pale Prezidan Aristide deklare batay pou pouvwa a pa p mennen nou okenn kote Se pou moun travay daprè konstitisyon 29 mas 1987 la pou pran pouvwa pran peyi Dayiti Prezidan Aristide denonse tou kèk fo polisyè ki nan lapolis la e li pase lòd pou pase tout ajan polisyè an revi pou dekouvari polisyè k ap komèt move zak Kolonn atoufè opozisyon an ki nan Platfòm Apaid ap dirije a pa kontante yo de sa e yo fè yon lòt viktим ki erezman pa mouri men yo gentan frape journalis Rood Chéry nan lakou lopital la Rood ap travay nan jounal Linyon e li te blije al kouche lopital Vol 21 #46 Alyans antipèp makouto-boujwa a dechennen Ou mèt mare zòrèy bourik lè midi rive fòk li ranni Nan jounen jodi a mesye opozisyon yo pa kapab kache jwèt yo ankò e menm rat do kale ki t ap eseye jwe sou 2 tablo retire mask yo nèt Yo pran pozisyon yo se yo menm kont pèp la e yo pa ezite rasanble yo sou bànyè yon André Apaid yon boujwa tilolit eksplwatè krazegrenn pou yo rive kote yo vle a Paske afè pèp la ki di ke fòk kat la rebat nan peyi a yo pa vle tandem sa E ou jwenn menm ti entelektyèl ak atis ti boujwa yo ki te konnen pran pòz Pwogrès yo lontan ki montre jodi a ke se fòblkò yo t ap fè paske lè moman an vini pou yo ta mete kò yo kote pèp la pou tout bon ou wè yo rantre nan ran epi yo apiye parenn yo paske se la yo jwenn kras pou yo mennen lavi boèm pou yo fè entelektyèl nan salon N ap repwodui pou lektè yo anpil ekstrè yon entèvyou sekretè jeneral Pati Popilè Nasyonal (*PPN*) la Ben

Dupuy te bay nan Radyo Ginen nan lendi 19 janvier 2004 la sou sityasyon politik la e tou jisteman pou nou wè sa yo rele Platfòm Demokratik la te pwal chache vreman nan vwayaj yo nan Bahamas kote yo te di yo pwale diskite ak reprezantan Karikom yo Men ekstrè entèvyou sekretè jeneral *PPN* lan Ben Dupuy Bon sitiyasyon politik la... mwen ta kapab di ke yo ap radikalize sitiyasyon an deplizanpli lè m di y ap radikalize m vle di ke gen sèten sektè ki vle rive a yon reyèl konfwontasyon e yo pa kache l yo di l piblikman ouvètman e nou ka konstate ke nan manifestasyon ke sa yo rele Platfòm Demokratik lan te lanse pou ayè dimanch lan nou tande dè son de klòch ki deplizanpli klè e deplizanpli ap montre kote ke Opozisyon sa a vle mennen peyi a Mwen kwè fòk tout moun te tande deklarasyon pa egzanp yon moun kou sa yo rele K-Plim (Evans Paul) yon politisyen do kale ke pèp lan fin dekouvri yon opòtinis paske fò nou sonje K-Plim... misye se nèg ki t ap boule avèk putchis yo li t ap boule avèk Namphy Regala depi sou Jean-CLaude Paul nèg sa a ap fè piwèt Donk si w ap chèche yon opòtinis ou pa pran K-Plim... e nou tande deklarasyon misye yè misye ap mande pou fèmen tout lekòl fèmen Lopital anfen kreye dezòd kòmsi ke moun pa gen dwa pou yo voye timoun yo lekòl ... Natirèlman lè n ap pale de lopital n ap pale de lopital ki desèvi mas pèp lan kou lopital Jeneral Chansrel e konpayi men mwen sèten ke yo pa pwal bloke lopital klas dominant yo yo pa pwal bloke lopital lelit yo a donk ou wè ke se yon reyèl kanpay k ap fèt kont pèp Ayisyen an kont mas popilè yo e sesi pou itilize tout mwayen sètadi ke ou wè deplizanpli yo vle kreye lòbèy e toujou nan espwa ke gen fòs entènasyonal gen blan an e petèt lame Dominikèn ka va vin rantre nan peyi a pou vin retounen lelit lan nan pouvwa politik lan E se pa sèlman K-Plim ki vini ak diskou sa a gen sa ki al pi lwen menm Nou gen pa egzanp ansyen senatè Dany Toussaint alò men yon nèg ke yo te kwè ki te konvèti men ou konnen jan pwovèb lan di ou mèt te mare zòrèy bourik lan kou midi rive fò l ranni Nou wè ke senatè Toussaint ansyen senatè fò mwen byen presize 1... li pa senatè ankò se pou pèp lan byen konprann bagay lan Bon manda l pa bout men li bay demisyon l piblikman nou gen yon kasèt ke n anrejistre nèspla ki la kòm dokiman kote senatè a ap bay entèviou bay yon Radyo Miyami ke yo rele Radyo Universal avèk yon jounalis byen koni se Konpè Moloskòt kote ke senatè a di ke limenm yo di li ke li rete 2 zan men li bay 2 zan an e li mande pou prezidan Aristide suiv egzanp li pou limenm tou li demisyone... Misye eseye fè yon demanti sou Radyo ki ap bay manti yo tankou Radyo Metwopòl e konpayi Karayib etc kote misye eseye blabla demanti depale Nou gen pou nou repase dokiman sa a ... Nou konnen ke laboujwazi te fann nan siyaj misye sou afè asasina Jean Dominique nou konnen ke gen anpil jij ki kraponnen ki kraze yon kite sa e finalman gen yon vèdik ki te soti kote ke Jij St Vil kòm Jij denstriksyon ap met lapat sou 4 ou 5 nèg nèspla men mesye sa yo di se yo ki te gachèt men se pa yo ki te sèvo asasina a Donk se konsa ke Madame Michèle Montas avèk pati sivil e nap mande *AJH* paske Guyler C Delva konstitiye tèt li antan ke pati sivil nan kesyon an donk li enplike nan kesyon an tou yo konteste òdonans Jij St Vil paske yo di Jij St Vil gen lè pa vle ale twò lwen sou kesyon an donk se konsa ke yo te revoke òdonans lan pwosè a reprann e gen yon lòt Jij denstriksyon kounye a ki depi vè out 2003 ki reprann dosye a donk dosye a toujou la a e nou konnen ke boujwazi an janm t ap di lelit lan te fann nan siyaj misye paske lè sa a yo te pran misye pou yon Lavalas men jounen jodi a nou pwal wè si *AJH* antan ke pati Sivil nèspla si boujwazi a pwale padone misye piske misye vire kazak sa se yon premye pwen 2zyèm pwen an nan dokiman an ke nou genyen misye mèt eseye refize jan l vle men bagay yo la Donk misye di tou ke jan bagay yo pwale nan peyi a manifestasyon misye Apaid e

konpayi anfen tout bann reyaksonè ke blan an ap finanse yo misye di ke jan li wè bagay yo ap devlope nan peyi a ebyen l ap rive yon lè 150 mil 200 mil moun nan manifestasyon ap asote Palè Nasyonal e yo pap konn kote prezidan Aristide fè Donk se ki vledi se yon apèl o meurtre yon apèl a asasina e nou panse ke komisè gouvènman an ki responsab nèspa ki reprezante piblik lan ki reprezante lè yon moun piblikman ap fè apèl o meutre apèl a lasasina donk sa se yon bagay ki grav e sa montre entansyon nèg yo lè nèg yo di w chak jou n ap fè mobilizasyon epi nou pap suiv okenn itinerè gen sa menm ki di afè de manifestasyon pasifik lan bagay sa a p ap remèt anyen donk mesye yo montré klèman entansyon yo se pou yo kreye lòbèy maksimòm nan peyi a maksimòm danachi nou wè sa k pase nan Sen Mak kote ke dè Gwoup òganize nèspa anonse ke yo pwal boule Radyo yo pwal asasine tout moun ke yo idantiye kòm lavalas epi nou wè ke bagay yo fèt vrèman donk nou panse ke lajistis Minis de lajistis lan avèk komisè gouvènman yo èske se dòmi y ap dòmi... (...) Nan Pati Popilè Nasyonal *PPN* nou konnen ke nan eta polarizasyon peyi a pou la boujwazi pou alyans makouto boujwa a noumenm ak Lavalas ebyen yo foure n nan menm panye a bon nou pa gen pwoblèm ak sa byen ke *PPN* se yon pati politik otonòm ki gen pwòp pèsonalite l pwòp politik pa li e nou konn kritike Fanmi Lavalas antan ke pati e lè nou fè yon kritik konstriktiv m ta ka di ebyen mesye boujwa yo te konn bann lapawòl paske depi w tandé w ap voye toya sou Lavalas yo avèk ou men apati du moman ke ou pa dakò pou ke yon gouvènman yon prezidan ke pèp lan chwazi majorite pèp lan chwazi se yon chwa pou nou respekte mentnan si lè l fin fè manda li pèp lan vle chwazi yon lòt pati politik dot lidè si yo ka vann mesaj yo a bay majorite pèp lan bon sa a li rantre nan jwèt sa n rele jwèt demokratik lan men cette histoire pou mete w avek Etranje pou denigre peyi a pou fè peyi a sanble w a di se yon pakèt sovaj dotanpli ke peyi Etranje sa a ansyen puisans koloniyal yo pa mande mye ke fè konprann ke nèspa esklav ki te pran endepandans yo ke nèg pa ka remèt anyen nèspa Se sa yo bezwen pwouve epi ou jwenn yon pakèt konze yon pakèt apatrid pou defann ti enterè pèsonèl yo yo prefere bay matyè bay moun etranje ki bezwen denigre peyi Dayiti Alò nou pa dakò pou ke solisyon an se yon solisyon de kraze brize de kreye yon sitiyasyon ka pwal regle zafè peyi Etranje e se pa etonan ke nou wè yon nèg kou Andy Apaid ki fèt Ozetazini se yon blan meriken ke nèg lan ye men yon Dany Toussaint ki t ap jwe ak ideyoloji nwaris Duvalier a ki te konn ap twoke kòn li avèk Denize (ansyen Chèf lapolis sou Preval) paske misye te bezwen djòb polis lan sekretè deta paske pou li se yon ekspè an polis ke li ye misye te gen pwoblèm avèk Tibòb Manuel misye te gen pwoblèm avek Jean Dominique nèspa tout lajounen se te tire a boulè wouj e yo te konn ap rele o wi se yon pakèt milat se tiwouj eksatera avèk yon seri de lòt nwaris Duvalieris parèy li nèspa epi jounen jodi a li pa gen pwoblèm pou li ap mete tèt li avèk yon eleman kou Andy Apaid ki senbolize nèspa alyans makouto boujwa Donk nou nou panse ke *PPN* gen pwòp pèsonalite l e nou se yon vrè pati politik se pa yon band de politisyen do kale nèspa nou enplante nan tout depatman peyi a e nou wè ke mesye sa yo m tandé yon nèg kou K-plim di o nou libere sèten teritwa nou libere Gwomòn St Michel de Lattalaye A bon alò nan boule otobis nan boule machin boule kay komisè nèspa se sa nou rele liberasyon an se yon liberasyon nèspa de kreye anachi nan peyi a ebyen nou pwal wè si vrèman nèspa se sa nou vle nou bezwen fè yon reyèl gè Sivil nan peyi a avek lèd repiblik Dominikèn paske nou konnen tout ansyen makout tout ansyen militè se la ke *CIA* ap antrene yo pou yo vin lòbèy menm jan yo te fè l o Nikaragwa lè yo te sèvi ak Honduras bagay sa a li klè pou tout moun Gen nèg k ap fè demach deja pou yo al ranfòse vagabon ki lòtbò fwontyè a nou konnen gen

sèten eleman sa yo ki deja ap prepare pou y al ranfòse nèspa apatrid ki pa menm wont pou se an republik Dominikèn pou yo ale gonfle pou yo vin destabilize peyi a Jounalis Mesye Dupuy gen yon delegasyon Platfòm demokratik Sosyete Sivil ak Opozisyon an ki dwe rann li nan Bayamas madi 20 Janvye an ou pote eksplikasyon sou dosye Ayiti an devan Karikòm kisa *PPN* panse de demach sa a Ben Bon m tandem deklarasyon mesye Andy Apaid ki ap eseye kalme eleman irediktib yo si y ap di ke nou pwal Bayamas se pou n al chanje opinyon manm karikòm ki pa fin konprann sitiyasyon an ... Se sa yo di men tou senpleman mesye yo resevwa enstriksyon de patwon yo ki di yo moman poko vini pou kreye gwo lòbèy nan peyi a ou konnen ke misye Bush pwa 1 nan Reelekson ann 2004 li gen lòt dosye ke 1 ap trete bra 1 pran nan moulen an Afghanistan bra 1 pran nan moulen an Irak li gen yon pwoblèm an Palestine ke 1 pa fouti rezoud donk misye gen twòp tèt chaje ke 1 foure tèt li pou 1 vin nan yon lòt lòbèy nan peyi Dayiti Donk misye di nèg yo pran ti pasyans kite 1 fin pase kap elekson an donk lè li reeli nou ka rezoud pwoblèm nan jan mesye yo ta vle Donk antretan patwon yo nèspa keseswa Vatikan keseswa depatman Deta di nèg yo mete yon di dlo nan diven nou vini nèspa vin dyaloge Bayamas epi apre sa an nou kite 2004 lan pase nou pa ka fè lòbèy kounye an paske nou pa pare pou nou vin debake nan peyi isit paske nou konnen gen anpil chans se nan yon nich foumi ke na 1 antre yon lòt nich foumi Donk se sa k fè ke Andy Apaid pa konn kijan pou 1 vann machandiz li a paske li te tèlman chofe patizan li yo apatrid yo li te tèlman chofe yo nèg yo te tèlman montre yo irediktib ou konprann kou Monseyè Guire Poulard kou bann reyaksyonè yo donk misye oblige ap dezamòse kesyon Men li klè ke *OEA* bloke paske peyi Amerik Latin yo pa dakò pou Ayiti vin tounen yon laboratwa nèspa kote y ap fè eksperiyans kouteda ankò Donk se konsa ke Washington pa reyisi fè bagay li an... Donk se konsa ke jounen jodi a nou gen tou peyi Karikòm yo ou gen dè peyi tèlke Lajantin kounye a avek Kirchner ou gen Brezil avèk Lula ou gen Venezuela avek Hugo Chavez di ke afè Etazini ap trete l'*OEA* kòmsi se timoun ki ret avèk li bagay sa a fini Donk mesye yo pa ka reyisi jwenn yon solisyon nèspa m ta ka di diplomatik donk kounye a yo di bann apatrid sa yo pran pasyans ale palabre ... Gen sèten sektè ki spesyalize nan kraponaj nan tout kalite bagay pa egzanp bagay ki pase Boutilier a ou wè yo deja lonje dwèt jan yo di sa k lonje dwèt sou koulèv lan se li ki touye li Amiot Metayer ou mèt si sa se yon aksyon o sèvis dentelijans ou konprann ki byen konprann e lè yo touye Amiot Metayer epi yo bay Jean Tatoune lajan ou pa wè y ap manifeste se ak drapo meriken ke yo vlope tèt yo donk konplo a trè klè fò k pèp lan ouvè zye li Vol 21 #44 Platfòm Apaid la bat tanbou 1 li danse li... Modòd grèv Platfòm opozisyon ann te lanse pou jedi 8 ak vandredi 9 janvye 2004 la pou ranvèse prezidan peyi a pa t mache jan mesye sa yo te konprann lan Se sèlman gwo biznis ki kontwole pa Gwoup 184 la ki te fèmen pòt yo nan kapital la Pandanstan jan anpil moun rive konstate 1 opozisyon ann ak Gwoup 184 poutchis André Apaid la ki konvèti tèt yo an sa yo rele Platfòm Demokratik deside mennen yon ofansiv vyolant lè yo wè manifestasyon pou jete gouvènman annn p ap mache tankou nan mèkredi 7 janvye pase a kote yo te lakòz 30 moun blese ak 3 moun mouri nan derefize respekte pakou ke lapolis te mande yo a Tout moun te kapab wè jan yo rive maltrete yon patizan pouvwa ak kout baton kout pye ak kout wòch e se pa mirak ke lapolis rive chape li Yo te anonse tou pou jedi 8 ak vandredi 9 janvye a 2 lòt jounen grèv

Yon modòd grèv ke plizyè sektè nasyonal te voye jete Nan yon nòt sou ajans ayisyen près (*AHP*) sendikalis Paul Loulou Chery te denonse presyon k ap fêt sou ouvriye faktori yo pou yo patisipe nan manifestasyon opozisyon kote yo ta va menase pou revoke yo Sendikalis la di li pa ka konprann ke patwon yo ap lanse modòd pandan ke ouvriye yo pa menm ka òganize yo ann sendika alewè pou yo ta lanse grèv Pa bò kote pa li dirijan òganizasyon Jenès Pouwwa Popilè a (*JPP*) René Civil men m jou mèkredi a te mande popilasyon an pou kontinye ak okipasyon yo e rete mobilize pou fè echwe manèv destabilizasyon Platfòm sa a Menm jan tou prezidan sendika transpòt piblik sou fontyè ayisyano-dominiken nan ki ailye nan federasyon transpòt piblik ayisyen yo Julien Atanaze te envite chofè nan kat kwen peyi a pou boude apèl grèv opozisyon ann Se konsa popilasyon pou kòmanse nan jedi depi byen bonè nan maten tout aktivite te fonksyone prèske nòmal nan Pòtoprens se sèl gran magazen ke mèt yo se manm Gwoup 184 la te fèmen pòt yo men tou plizyè magazen ak kèk makèt ki nan katye Delma te louvri pòt yo san yo pa okipe lòd putchis yo bay pou Apaid yo ak konpanyèl li yo Transpòt piblik la ti komès enfòmèl ansanm avèk mache piblik yo te fonksyone jiska anviwon 90% kèk estasyon gaz tankou nasyonal nan Nazon ak nan kèk lòt zòn te bay sèvis kèk sikisal bank komèsyal tankou *SOGEBANK* ki nan Turgeau te travay bonè nan maten Chofè ki fè vil pwovens yo te fè konnen ke pa kesyon pou yo antre nan lojik grèv politik opozisyon ann paske pou yo pwoblèm pa yo se ogmantasyon pri gaz la se pa kesyon jete yon prezidan ki enpòtan pou yo Ti machann yo di ke yo pa nan mache nan lojik grèv ke boujwa ap fè pou topizi malere e youn nan yo deklare ke se la nan lari a nou fè lajan manje nou chak jou ak dekwa tou pou n voye pitit nou lekòl ti e yo mande opozisyon ann pou bay kouch defavorize a yon chans peyi a bezwen lapè ak pou li vanse sou vwa devlopman Tout lekòl yo ann jeneral te fèmen jou jedi 8 desanm aprè zak vyolans ak lanmò ki te pase nan okazyon manifestasyon Platfòm nan te òganize yo avan 2 jounen grèv yo a Pandanstan anpil moun te kapab konstate ke plizyè òganizatè grèv sa a te mennen pitit pa yo nan yon seri lekòl prive etranje ki nan Pòtoprens tankou Union School ak Lycée Français Yon konpòtman ki te soulve kòlè anpil paran kote yo di moun sa yo anpeche lekòl louvri pou pitit yo al lekòl pandan yomenm ki mèt grèv yo yo mennen pitit yo nan lekòl entènasyonal Antretan kliyan bank komèsyal privé bò kote pa yo te kritike responsab yo ki fèmen kòb yo pandan yo di yo se malere yo ye yo bezwen kòb yo pou ale achte manje Chak fwa ke ti oligachi a vle regle koz li avèk gouvènman Lavalas la se yomenm malere ki peye konsekans lan Yo estime ekonomi yo pa dwe sèvi pou fè kapital politik Plizyè nan yo menm arive menase pou yo retire lajan yo nan bank sa yo pou plase yo nan bank piblik Menm jan tou pou vil pwovens yo grèv sektè anti chanjman yo pa t fè mache pou pi rèd Nan Okap byen bonè nan maten popilsyon te sòti pran lari pou mennen aktivite yo nòmalman kote yo deklare ke yo pap obeyi a okenn modòd grèv Pèsonn pa pral itilize nou kòm mach pye pou satisfè enterè mèskén yo Delege depatmantal Nò a doktè Myrthe Julien limenm tou fè konnen ke popilasyon Nò a pa janm sipòtè okenn grèv ki pa nan enterè popilasyon ann Daprè Doktè Julien se pa grèv sou grèv ki pra l ede nou sòti nan sa nou ye la jounen jodi a la Nan Jeremi nan Pòdepè nan Okay nan Jakmèl ak nan Tigwav nan tout gwo vil peyi a grèv sektè makouto-boujwa a pa t paralize okenn aktivite Se konsa nan Gonayiv patizan opozisyon ann yo mete dife nan lanwit avan kòmansman grèv la nan kay yon militan Lavalas Alina Sixto ak boule machin yon lòt moun pou kreye panik se sa ki ta lakoz yon ralantisman sou aktivite yo nan site Endepandans lan Pandanstan gouvènman ayisyen an pa vwa sekretè deta kominikasyon an Mario Dupuy fè

konnen Nou pa kapab pale de grèv de aksyon ki ensireksyonèl paske popilasyon ann vake nòmalman a okipasyon 1 Popilasyon an limenm nan gran majorite 1 li pa posede ponp gazolin li pa posede bank li pa posede gran makèt sa li posede yo e nou wè tankou transpò piblik mache piblik sèvis enfòmel donk tout bagay sa yo fonksyone nòmalman Pou sa Mario Dupuy felisite popilasyon ayisyen nan pou matirite politik li nan boude grèv opozisyon an pandan 1 mande lidè gwoup 184 yo pou kounye a yo pran vwa konsètasyon an pou kite vyolans lan aprè daprè sa 1 di yo fin pran echèk sa a Paske se pa t yon grèv se te yon lòkaout paske se patwon yo ki fèmen bizniss yo e tout lòt bagay nan peyi a te fonksyone Vol 21 #43 [7 Janvye 2004] Moun ki simen van ap rekòlte tanpèt Sizyèm jou aprè plizyè santèn milye moun nan mas pèp ayisyen an ak plis pase 200 delegasyon etranjè pamì yo prezidan Afrikdisid la Thabo Mbeki ak madanm li Wa ak rèn peyi Benen an wa Alada divès kongresman ameriken premye minis Bahamas la Perrie Christy vin selebre an granjan Bisantnè Endepandans Ayiti 1e janvye 2004 pase a nan tout rakwen peyi a patikilyèman nan Pòtoprens ak nan vil Gonayiv Kote gouvènman an ak Chèf leta a Jean Bertrand Aristide te òganize divès aktivite kiltirèl nan kapital la ak nan site endepandans lan pou montre jefò ak rekonesans batay zansèt nou yo ki te pote viktwa sou lame kolonyalis peyi Lafrans ki jouk kounye la a refize peye 21 milya dola vèt dèt endepandans peyi Dayiti a ke pèp ayisyen an ap reklame depi yon bon bout tan nan men otorite fransèz yo Ebyen Pati Popilè Nasional (*PPN*) bat bravo lakontantman jou madi 6 janvye 2004 la sou kouraj mas pèp ayisyen an nan lit ke y ap mennen jouk kounye a ak pitit konze ak afranchi peyi kolonyalis/enperyalis yo ki vle kout ke kout pou fè mas pèp la touen nan esklavaj yon lòt fwa ankò sou bout tè Jean Jacques Dessalines nan Nan sans sa a Sekretè Jeneral *PPN* nan Benjamin Dupuy voye yon kout chapo pou chèf deta aktyèl Afrikdisid la Thabo Mbeki ki te patisipe nan divès seremoni nan kad selebrasyon 200 zan endepandans peyi Dayiti ki senbolize 1e ras nwa esklav sou latè ki pran endepandans yo a 1804 anba men lame sistèm kolonyalis peyi Lafrans ki jouk kounye a k ap pèsekite mas pòv yo ann Ayiti nan fè konplo ak pitit afranchi apatriid machann peyi yo pou redwi pèp ayisyen an nan lesklavaj yon lòt fwa ankò Ben Dupuy te fè felisitasyon sa yo Nou voye yon gwo kout chapo bay prezidan Thabo Mbeki ann Afrikdisid paske nou konnen sa k ap pase ann Ayiti a se rezulta gwo konplo entènasyonal ansyèn pwisans kolonyal yo Sitou Lafrans ki gen pwoblèm pou 1 remèt lajan dèt endepandans peyi Dayiti ke 1 te kidnape nan men prezidan Jean Pierre Boyer K ap finansye opozisyon makouto / boujwa a Donk nou wè Thabo Mbeki reponn prezan kòm kontinyatè Nelson Mandela ki pa dakò ak apated Alyans makouto / boujwa a ki gen André Apaid nan tèt li ki detwone lòt makout yo tankou Hubert Deronceray Himmler Rébu ak akolit li yo Enben prezans Thabo Mbeki a mwen panse sa fè yo mal anpil Lidè *PPN* nan eksplike byen rezon ki fè ti kolon ayisyen opozan yo bòykote selebrasyon 200 zan endepandans pèp ayisyen an Daprè Ben Dupuy aloufa politisyen antipèp yo resevwa gwo lajan nan men yon sektè nan kominate entènasyonal la patikilyèman Lafrans ak Etazini k ap finanse koudeta nan ti peyi yo Sou pretèks y ap ankouraje swadizan yon demokrasi pèpè yon fason pou gen kontwòl ekonomi mas pèp yo ki vle pran desten yo an men Donk zak deblozay kraze brize nan dènye manifestasyon chanpwèl sektè opozisyon an 1e janvye 2004 la kote manifestan ajitatè yo te kraze plizyè dizèn vit machin sitwayen pezib boule kawoutchou epi bloke lari sou Boudon Bwa vèna Kriswa riyèl Nazon elatriye tout move aksyon sa yo se pou montre patwon eksplwatè kolonyalis / enperyalis yo prèv ke y ap jistifye lajan yo te pran yo pou anpeche pèp ayisyen an selebre Bisantnè

endepandans peyi a Nan lajan kominote entènasyonal la ba yo yo achte kèk tèt fèb kèb loumpenm Se menm gwoup sa a ki asasinen Amiot Métayer pou gate jwèt la e pwomès swadizan batay pasifik yo montre vrè vizaj yo se fachis yo ye Sa k ap fèt 1e janvye nan Lali Poupla kote lapolis kenbe yo ak zam nan men yo pou fè vvolans sou mas pèp la Lidè pati popilè nasyonal la (*PPN*) denonse yon lòt fwa ankò sètèn près reyaksonè ki se youn nan laboratwa destabilizasyon makouto/boujwa a ki nan gwoup 184 moun André Apaid ap manipile a ki kounye enskri kòm la bann dè 6 medya reyaksonè k ap bay manti nan fè dezenfòmasyon nan mitan mas pèp la yon fason pou twouble vijilans mas pèp ayisyen an pou yo k ap fè yon 33e koudeta ann Ayiti lò y ap fòse Lèzetazini fè debakman militè pou ranvèse otorite konstitisyonèl yo sou pouvwa a espesyalman prezidan Jean Bertrand Aristide Nou gen yon sètèn près ki prete mikwo yo bay tout teworis tankou Jean Tatoune ki se yon sovadò prizon yon kriminèl de dwakomen k ap preche vvolans Yo tire sou elikoptè Thabo Mbeki yo bat bravo e yo ta swete pou elikoptè a te tonbe Konze yo boule machin yo sakaje komisarya epi yo di se demokrat yo ye Benjamin Dupuy egzòte gouvènman an pou retire lisans fonksyonman medya reyaksonè sa yo san pèdi tan k ap difize movèz enfòmasyon kont souverènete peyi a nan fè vye kanpay denigreman kont mas pèp la epi yo bay tèt yo non Près endependant ebyen si yo di yo endepandan pou ki rezon yo entegre yo nan gwoup 184 moun André Apaid Junior ap manipile a Èske se medya manipilatè endepandan yo ye Donk obsèvatè yo kwè medya sa yo depandan de gwoup apatrid 184 moun yo Daprè obsèvatè yo près sa yo ta defini misyon yo klè nan maskarad lit yo di y ap mennen kont mas pèp la piske majorite mas pèp ayisyen akize près reyaksonè sa yo kòm medya ki lakoz pèp ayisyen an twouve 1 nan sitiyasyon difisil 1 ap travèse jodi a kote yo prezante Ayiti kòm yon peyi fenomèn ensekirite ap vale teren ki lakoz endistri touris la bloke jouk nan kou aprè 200 zan endepandans peyi a Ben te eksplike Près reyaksonè yo bay mikwo ak tout teworis Nou di fòk gouvènman an pran responsabilite li Afè ke y ap rele se diktati yo menm yo konnen sou papa Dòk kidonk Duvalier yo pa ta kab ouvè dan yo Diktati pa diktati fòk yo mete yon disiplin nan près la Afè kesyon bay nenpòt moun mikwo k ap preche vvolans se pou yo wete lisans medya sa yo Alòs lè a *ONG* bidon Dwa de lòm k ap touche lajan nan *USAID* ... lè sa a ya rele anmwe ya vin vèse dè lam de kwokodil sepandan Pati Popilè Nasyonal la (*PPN*) mande pou gouvènman Lavalas la sispann voye mesaj lanmou ak lapè bay Lidè opozisyon ajitatè yo Daprè PPN ajitatè sa yo pa danse kole ak jan de mesaj sa yo se san pèp la yo vle bwè pi plis toujou paske aktivis politik sa yo pa tandé yo pa wè Konze machann peyi sa yo gen yon sèl lwa k ap danse nan tèt yo se pou militè blan meriken debake pou vin mete ti klik anachis yo sou pouvwa san yo pa pase nan eleksyon onèt kredib ak demokratik Responsab PPN nan lonje dwèt li sou platfòm politik degrenngòch manipilatè André Apaid mete sou pye k ap bwate a Opozisyon sa a sòti pou l itilize tout mwayen nan espwa patwon li a vin debake pou mete ti klik la opouvwa ankò Men yo fè yon move kalkil piske bwa blan pran nan moulen an Afganistan ann Irak e si li vin ann Ayiti mwen parye bwa li ap pran nan moulen tou paske 2004 pa 1915 Yves Gaudeul te anonse tanpèt Enben n ap di yo moun ki simen van ap rekòlte tanpèt Benjamin Dupuy denonse tou Platfòm demokratik mesye opozisyon yo ki vin ak yon altènativ tranzisyon aprè yo ta fin ranvèse prezidan Aristide sou pouvwa a Ben kalifye altènativ sa a kòm yon konplo kont mas pèp ayisyen an Ben ale pi lwen li di sektè opozisyon an bay mèt Gérard Gourgue yon koudeta piske yo fè konbinezon yo a san yo pa rele prezidan pope twèl 15 desanm 2000 yo a Yo pa menm rann tèt yo kont se yon koudeta yo bay pwòp tèt yo Yo te nonmen Gérard

Gourgue kòm prezidan pope twèl yo vin ak yon lòt pwopozisyon Yo di yon jij kasasyon alòs se menm ti jwèt Ertha Pascal Trouillot a Konstitisyon an di se prezidan jij Kasasyon an ki pou ta monte kòm prezidan Enben yo mete yon jij kidonk yo gen dwa pran nenpòt ki jij Se pou tout jij kasasyon yo ka vizite Apaid pou di se mwen pou chwazi Yo vle fè 1 tou nan polis la pou direktè jeneral lapolis men se byen konte mal kalkile Sekretè Jeneral PPN nan fè popilasyon an sonje lè Paul Magloire te demisyone kote yo te nome mèt Pierre Louis ki te yon jij Lakou Kasasyon kòm prezidan epi mesye aktivis politik nan epòk la te wete li nan 2 semèn senpleman aprè yo te mete mèt Sylvain ki pat menm fè twa mwa sou pouvwa a Aprè tout tibilans politik sa yo konze yo te rive fòme yon gouvènman kolejyal ki te gen François Duvalier Clément Jumelle Daniel Fignolé ak Louis Dejoie yo te ofri prezidans lan bay Daniel Fignolé e li te fè senpleman 19 jou sou pouvwa Lame kriminèl la ki te gen nan tèt jeneral Kebreau nan epòk la te fè yon masak nan Fò Dimanch epi bay François Duvalier pouvwa a ki te debouche ak yon diktati fewòs kont mas pèp la kite dire 30 lane Donk pèp la pran nòt de tout paj istwa sa yo kreyon pèp ayisyen an pa gen gòm sa vle di y ap obsève tout sanginè politik machann peyi

(fen)